Kuve Nezvinhu Zvose

Ini ndiri kunyatsotenda kuve pano. Ini ndinotenda minamato yenyu apo pamakanzwa zvekatsaona kaduku kandakave nako. Izvi zvinobva zvangoratidza kuti Satani haagone kukutora kusvikira Mwari vagadzirira. Uye ndiri kufunga kuti vazhinji venyu vari kunetseka kuti ko zvaka . . . chii chakaitika. Ini ndakagara ndichida . . . Sekuziva kwenyu ini . . . mutambo wangu, kana zvandinovarairwa nazvo, kuenda kunoraura kana kuenda zasi kunodzidzirwa pfuti ndichipfura, kana kuenda kunovhima, kana zvimwe zvakadaro. Ini ndinofara naizvozvo. Dai ndaitamba gorofu, kwainge kuri kunze uko kune vakadzi vakapfeka zvisina kukwana. Uye dai ndaive—uye dai ndaive mutambi wenhabvu, imi munoziva zvazvaizoita, ipapo. Asi ini—ini ndinofara kuti kwaive kunze, sekuraura, kuvhima uye nezvimwe.

2 Zvino ini ndaingogara ndichifarira pfuti dziya dzeWeatherby Magnum. Uye ndinodaira kuti mumwe munhu aigona kunge akanditengera dai ndakataura chimwe chinhu pamusoro pazvo, asi ini ndakangozvichengeta mandiri nokuti mari yacho yakawandisa yavanoda kuti vaise ipapo, uye ini apo ndichiziva mamishinari asina shangu mutsoka dzavo. Zvino ini ndosiya mumwe munhu achitenga iyoyo, kutora mari yakawanda zvakadaro achibhadhara pfuti? Hama Art Wilson vakapa Billy shure uko mhando yemodel seventy Winchester nguva shoma yapfuura, imwe two-fifty-seven Roberts. VaWeatherby vakaisa papepa kuti ivo vaizotora pfuti iyi voishandura zvishoma pairi uye vogadzira pfuti yeWeatherby Magnum kubva pairi, zvakanyatsokwana zvisina njodzi. Saka Hama Rodney vanouya pano pachechi, Hama Rodney Armstrong vakaitumira ndokuiita kuti ishandurwe kuti ive Weatherby Magnum. Zvakaita kuti iyo yakange isina kushandurwa zvakanaka. Saka ini pandakapfura, iyo Weath- . . . Iyo Winchester Company yakati iyo pfuti yavo inogona kutakura mairi simba ringaite mapaunzi zviuru zvitanhatu zvine mazana mapfumbamwe. Imi munoziva kuti zvinozovei.

3 Zvino ini ndakangopakatira pfuti yangu, Hama Wood vakadzika zasi ikoko neni, uye yaive kuda inchi kubva paziso rangu, seizvi. Zvino simba rakaputitsa kuda zvingaite mapaunzi zviuru zvitanhatu zvine mazana mapfumbamwe kuenda mayadhi makumi mashanu, zvino mupongoro wepfuti wakaenda wakananga kumuganhu uri mayadhi makumi mashanu, icho chokukokesa pfuti chakadzoka shure nouku, zvino pfuti yacho yakabva yangoita zvidimbu muruoko rwangu. Zirimi remoto richisvika mudenga sepasiringi iyo, saka ndizvo chete zvandakaziva kwesekondi imwe kana mbiri. Zvino,

ndakabengenuka, ropa rakange robuda kunze se*zvizvi*, zvino ndakafunga kuti ndakange ndauraiwa, saka ini ndakaita sokubata ruoko rwangu mudenga se*izvi* kwekanguvana. Zvino Hama Wood . . . Ndakaedza kuti nditarise, asi ndakatadza kuona neziso iri, uye ndichitadza kana kunzwa zvachose. Ndakanzwa sokunge ndakanga ndiri kufamba mumhepo. Zvino ndakaona Hama Wood vachienda uko kwaive nechaipfurwa chacho kuti vaone paive parohwa nembumburu, zvino ndakaedza kuti vandione. Saka ivo vakasvikako uye isu ndokubva tauya. Zvino denderedzwa retumedu twesimbi raive ranyatsotenderedza ziso. Chiso changu chakabva chaita sokunge vaive vanditema nehamburger, apo payakange yangoputitsa chiso changu. Zvino zvidimbu zvikuru zvinorema zvakabva zvanamira pamusoro peziso, zvino ndokuita denderedzwa pabondo repahuma uye nebondo redehenya pano *apa*. Chiremba Adair akazvitumbura.

4 Mazuva mashoma aitevera, ndizvozvo, zuva rakatevera, Chiremba vaive vari muchipatara pachavo. Ivo vakanditumira kune mazvikokota nokuda kweziso. Iye akaona denderedzwa, pazasi pemboni, rezvidimbu zvesimbi zvingaite makumi matatu zvaive zvapinda zvakadzika mubhora reziso. Izvi hazvigone kubuditswa kunze. Zvakaenda, zvikapotsa mboni nepedyo zvino ndokuita denderedzwa seizvi. Iye akati, "Chinhu bedzi chandinoziva," akanyorera Chiremba Adair tsamba, akati, "Ishe akanaka anofanirwa kunge aive akagara pabenji naye, kuti achengetedze muranda waKe, zvokuti haaimbofanirwa kunge akasara nemusoro paari." Zvaizongowanikwa neHama Wood kwaizove kubvira *apa* zvichidzika, munoona. Simba riya rakaputika richidzoka shure! Ini handizivi kuti zvakaitika seyi. Asi simbi iya yokukokesa hombe yairema yakabuda kubva mupfuti yemodel seventy yaive yaputika ndokudzoka kure kumashure, kana muchiziva kune Conservation Club, nzira yose kudzoka kusvika kudanga renondo. Zvino chimwe chikamu chepfuti hatina kumbochiwana.

5 Saka, izvi zvinobva zvangoratidza chimwe chinhu. Ndine mharidzo rimwe zuva pamusoro peizvozvo, Ishe vachitendera, pamusoro pekuti "Kushandura kwakanaka, asi unofanira kukuchengetedza kuri pasi. Kana isina kutemerwa pane mutoro wainotora, ichatoputika nguva dzose." Ndizvozvo chaizvo. Saka usaedza ku . . . Zviri nani kunge iri yepamavambo. Um, hum. Asi kwete kushora kunobva kune . . . [Imwe hanzvadzi inotaura kubva muungano—Mupepeti.] Zvino chitarisai, munoona. Izvo . . . O, ndizvozvo, iwe ungafungewo here kuti zvinhu zvingataurwe saizvozvo.

6 Asi, sekuziva kwangu, ha—hapana kana chinhu chimwe . . . Ndizvozvo, nzeve dzangu, iwe pafunge, dzichine kakurira kana maikirofoni ikaita maungira. Ndicho chikonzero ndange ndisipo mangwanani ano. Ukataura, unonzwa kurira uku nekoko. Asi ivo vakandiendesa kune mumwe mazvikokota, zvikanzi, "Imo

mukati menzeve hamuna kana kuzvimba. Uye zvino ziso," akati, "iwe ucharamba une maonero mamwe chete awaive nawo." Akati—akati, "Izvo zvakaenda nechepazasi pemboni. Izvo zvakangoita denderedzwa muziso, zvichibva zvanyura mukati." Akati, "Uchagara une zvimedu zvesimbi."

7 Ndikati, "Ndagara ndinazvo kubvira ndine makore maviri okuberekwa, zvichibva pane imwe."

8 Hama Roberson shure uko, ndakavafonera zvino ndokuvataurira nezvazvo. Vakati, "Musanetsekane nazvo izvo," ndokuti, "Ini ndine mapaundi maviri kana matatu mandiri," ivo vakadaro. Ivo igamba rekuhondo. "Saka izvozvo hazvirwadze, ini ndagara ndine zvakawanda zvazvo."

9 Zvino ndinorangarira chiratidzo chaIshe nguva shoma yapfuura. Imi munorangarira here ndichichitaura pano? Kutapira kwaIshe mangwanani iwayo, zvikanzi, "Usatya chii zvacho, kana kwaungaenda, kana chii, nokuti Hupo hwaJesu Kristu husingakundike hunewe kwese kwaunoenda." Saka haakwanise, Satani haakwanise kundiuraya kusvikira Mwari vati "zvapera." Maona? Iye anogona kuzviedza, asi haakwanise kubudirira pakuzviita.

10 Saka zvino, chinhu chinoshamisa, ini ndakanga ndichingoenda zvakadaro, kuenda kumusangano wangu, ini ndichingoona kubudikidza neziso rangu rekuruboshwe zvakanaka, zvino ndaizongoenda kumusangano zvakadaro. Zvino ivo, iyo hama yaive ichienda kuruzevha rwemaIndia, vakatomisa musangano iwoyo, kana kuuendesa mberi, kusvikira ini ndadzoka kuWest Coast uye ndozoenda ndichikwira kuWest Coast. Saka isu tichatora musangano ikoko. Zvino mukati menguva iyoyo, Hama Arganbright vakafanondibata, zvino kana musangano iwoyo wapera, ini ndinoendawo zvakare kuAnchorage, Alaska. Chikonzero ndakange ndakazembera zvakanyanya . . .

11 Vazhinji venyu munorangarira chiratidzo chandakave nacho, apo pandakapfura chitsere chipfumbu, chitsere chipfumbu chiri mafiti mapfumbamwe, (zvino chechi inorangarira ndichizvitaura pano), uye necaribou. Ndakave nechimwe. Rangarirai zviri patepi pano, ini ndakaona chitsere chikuru kwazvo chebhurauni. Chinogona kunge changa chiri Kodiak uye hachaigona kunge chakasvika zasi uko kuCanada, nokuti hazviko ikoko, munoona. Asi chero kwachiri, chichavepo. Chichavepo, nokuti iZVANZI NAJEHOVHA. Chichavepo. Maona?

12 Uye zvino ndinokutendai nekundinamatira. Ndaiziva kuti vazhinji venyu vainamata pamakanzwa kuti ndaive ndakuvara. Zvino rimwe boka duku rakango . . . Mwanasikana wangu shure uko, Rebekah, akanyorera Hanzvadzi Dauch avo vanouya pano pachechi, tsamba, zvino ndokuvaudza nezvazvo. Zvino

vakafonera Meda kwapfuura husiku hushoma shure kwazvo, ndokuti, "Ini handizivi kuti zvakabatsira here kana kwete, asi tose seboka kuno takaungana pamwe chete." Mushumiri weMethodisti ne—neHama Brown, hama dzavo nevamwe vose vakabatana pamwe chete, vakandinamatira husiku hwose. Vakati, "Handizivi kuti Mwari vakanzwa here kana kwete, asi, isu tinoziva kuti Hama Branham vakanamatira vakawanda kwazvo, isu takafunga kuti tivanamatirewo." Ndiyo mhando inonzwikwa naYe, munoona. Ndizvozvo chaizvo, mhando yakadaro!

13 Hama Crase, imwe yehama dzedu pano, Satani akange avavavarira nguva yapfuura, vakarovera mumugero, oh, zvakabva zvangocheka zvavo . . . zvachose. Ini handioni kuti vakakwanisa kubudamo sei vari vapenyu. Saka zvino vakange varere vari muchipatara uye vakabva vati pane imwe hama duku yakauya ichibva kuNew Albany, vanonzi Medcalf, zvino ivo vachibva vati, "Hama Crase, ini—ini—ini handina kukodzera kuuya kuzokunamatirai, asi," vakati, "Ishe vakangozviisa pamwoyo wangu, saka ini hapana zvimwe zvandaikwanisa kuita." Zvino vachibva vauya uye ndokupfugama pasi, uye ndokuisa kamunamato kaduku vachibva vabuda. Mwari vakapodza Hama Crase pakare ipapo. Maona? Ipapo, munoona, ichi chipo chekupodza chiri muMutumbi waKristu, muri kuona, nhengo imwe kune imwe.

14 Usafunge kuti zvaungori nhengo zvayo; kuti, utoriwo nhengo semumwe munhu wose. Chingori chigunwe changu sezvingori ruoko urwu kuti ruoko rwangu, kana kuti nzeve iyi inzeve yangu. Maona? Ingori nhengo yemumuviri. Zvino isu tose . . . Kana imwe nhengo ikarwadziwa, nhengo dzose dzinorwadziwa pamwe nayo. Kubatana, kubatana kwakaropafadzwa zvakadii uku! Zvino ini . . .

15 Saka izvi zvapfuura, zvino, ndatora mimwezve misangano uye ndasiya kanguva kaduku ipapo kuitira mamwe manheru zvakare netabhenakeri, kana Ishe vachida. Uye, kana Mwari vachida, mangwanani eSvondo ino inotevera ndinoda kutaura pamusoro pe*Muhwezva Wemuporofita*, zvino zvakare, patabhenakeri.

16 Mangwana manheru, kana Svondo manheru, ini ndinenge ndiri pano paGospel Tabernacle, imwe yehama dzedu, Hama Ruddell. Ini ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo, *Kutura Mafemo*, kana Ishe vakatendera.

17 Zvino zvakare Chipiri chinotevera, isu tinofanira kuenda kuWisconsin, nekonivenisheni yedunhu yeFull Gospel Business Men. Zvino ini ndichaveko kwehusiku hutatu. Ndiko uko ku . . . Billy, zita reguta riya rinonzii? Ndakagamuchira . . . [Hama Billy Paul Branham vanoti, "Green Lake."—Mupepeti.] Green Lake, Wisconsin. ["China."] Riinhi? ["China, Chishanu, neMugovera;

musi wegumi nenomwe kusvikira gumi nepfumbamwe."] China, Chishanu, neMugovera; musi wegumi nenomwe, gumi nesere, uye gumi nepfumbamwe, kuGreen Lake, Wisconsin, konivhenisheni yedunhu.

18 Zvino zvakare neSvondo, yemusi wemakumi maviri, ini ndinenge ndiri muChicago muodhitoriyamu yepaHigh School, imwe cheteyo odhitoriyamu yataive tiri nguva yapera. Unorangarira here kuti zita racho raivei? [Hama Billy Paul vanoti, "Stephen Mather."—Mupepeti.] Odhitoriyamu yeStephen Mather High School, pamasikati eSvondo.

19 Zvino nomusi weMuvhuro ini ndinenge ndiri . . . ini ndakanganwa zita renzvimbo yacho uko Ishe vakandiratidza konivhenisheni nguva iya pamusoro peMinisterial Association yeChicago, vachisangana neni kuti tikurukure nezvezvidzidzo, imi munoziva. Ini ndakati, "Zvino Ishe vakandiratidza uko kwaive nenzvimbo yacho." Uyu musangano wekuonekedzana neHama Joseph Boze, avo vachange vari pano mangwana vauya nendege kuti vandione, uye nepati yekuonekedzana navo musi weMuvhuro.

20 Zvino tinobva tadzoka kumba tobva tasimuka zvino, nokuti inenge yave nguva yekuti tiende kuSouthern Pines, South Carolina, kana kuti North Carolina. Zvino tozodzika kuColumbus, South Carolina. Uye zvakare kuCow Palace iri kuWest Coast. Zvino zvakare nekumusoro tichienda kuGrass City, uye tokwidza tichipinda muSpokane, tobva tapinda muCanada, uyezve nemuAlaska. Saka ivai muchitinamatira, tinoda minamato yenyu chaizvo.

21 Zvino isu tinodzidziswa muRugwaro kuti zvinhu zvose zvinoshandira mukunaka kune avo vanoda Mwari. Zvino ndinotenda, kubvira izvi, uye ndichiona kutendeseka kwakaita vanhu uye nezvimwe zvakadaro . . . Mumwe munhu akati, "Zvaigona kuitika sei, uye ko Mwari vanogona seyi kusiya zvichiitika?" Ini ndaigona kunge ndakaurayiwa panzira ndichienda kunze uko, kana zvimwe zvakadaro, iYe—iYe akange aine chimwe chinhu chekuzvinyenyeredza. Rangarirai, Magwaro haagone kukundika, "Zvinhu zvose zvinoshandira kunaka kune avo vanoda Mwari." Zvino, kana ini ndichiziva moyo wangu, ndinoMuda. Ini—ini ndinoMuda nemoyo wangu wose. Zvino zvinotiswededza pedyo kune mumwe nemumwe.

22 Zvino, kuti tifunge zvino, kuti munhu wese akanzwa pamusoro pazvo, havatonzwisisi kuti seyi ndichine musoro kana mapendekete zvakasara, munoona, uye wakagara mukuputika kwose ikoko. Izvozvo, zviri pedyo neni *sezvizvi*, zvaigona kunge zviri pamwe zvingasvike zviuru zviviri zvemapaundi zvokuputikira pameso pako chaipo. Munoona, izvozvo zvakakwana kungokuparadza zvachose, munoona, kungozvitsvaira chaiko. Kana izvi zvakaputitsa pfuti iya

yesimbi inorema uye ndokuputitsira mupongoro wepfuti uya kunze uko wakananga kumuganhu uri kure mayadhi makumi mashanu, uye—uye chitanda chekunze, iwe unofanira kungoona pfuti yacho. Iyo haimboratidzika sepfuti, zvingori zvidimbu zvakanhongeredzwa.

23 Uye zvino, kubva mune izvozvo, pasina kana chimwe chakakanganisika. Mwari mupenyu ngaarumbidzwe! Zvakangokwanirana kundichengetedza kuti ndisaende ikoko kusvikira shoko kubva kuna Eddie rauya rekuti handaifanirwa kunge ndichiuya panguva idzodzo. "Nyasha dzinoshamisa, ruzha rwunotapira seyi, dzakaponesa rombe rakaita seni!" Zvino zvinoita kuti tizive kuti, tigoyemura Mwari nokuti anenge anesu. Mwari anesu, uye tinotenda kwazvo!

24 Zvino, ndataura mangwanani kuti ndafunga kuti ndichadzika kuno, zvino hama yakakosha pano pandadzoka . . . Ndati kune Hanzvadzi Wood nhasi, ndinodaira kuti Hama Neville . . . Billy andifonera uye ndokuti, "Teererai mharidzo kana mukakwanisa." Zvino ndinotenda kuti kachidimu kaduku kesimbi iya kange kabuda uye ndokudzika muzasi meziso rangu apo, zvino kange kachindipa manzwiro akaipa pamaitiro, asi kabuda zvino. Ivo vakageza kakabuda. Saka zvino ati . . . Manheru ano ndafunga kuti ndichadzika, uye hama iya yakakosha inogona kunge yanga ichiparidza saizvozvo, ini ndinoziva kuti zvinorevei kana une shumiro imwe chete hombe ipapo wakashoshoma zvakanyanya, munoziva, zvino—zvino pahuro pachipisa uye pachirwadzwa. Saka ini ndafunga kuti ndichadzikako, uye ini ndasarudza Magwaro akati kuti ekuverenga. Ndokufunga, "Husiku hwechirairo."

Ini ndinogara ndichida kutora chirairo.

25 Zvino ndaive ndine shamwari dzakati kuti, ivo vari pano pane imwe nzvimbo. Ini handisi kuona zvakanaka, sekunzwisisa kwenyu. Richine mushonga webelladonna uri muziso riya rakazvimba, zvingori madzerere. Saka ivo vari pano, shamwari nehama dzehama yangu yakakosha yakanaka, F.F. Bosworth, vari muKubwinya. Saka Ishe varopafadze vanhu ivavo, tichangobva kuvaitira munamato mukamuri yekuseri.

26 Zvino, musakanganwe, Chitatu manheru ndipo patine musangano wedu wekunamata wepakati pevhiki. Zvino ndinofunga, Hama Jackson, wavo ndewemanheru eChina. Uye Hama Junior kumusoro kuno vari pa . . . Kana, Hama Ruddell uri paChitatu manheru. Zvino tabhenakeri iri muUtica uri paChitatu. [Hama Neville vanoti, "Uri paChina manheru."—Mupepeti.] Pamanheru eChina. Zvino zvakare todzoka kuno Svondo mangwanani kumusangano weungano.

27 Zvakare iye zvino, neSvondo manheru ndinofanira kubatana neHama Ruddell. Ini ndaizokwanisa musi weChitatu manheru, asi vhiki rinotevera, asi handichakwanisa kuzviita,

saka ndatozozviisa musi weSvondo manheru. Asi zvino vanhu vari pano patabhenakeri, garai pano patabhenakeri, munoona, nokuti ini ndichange ndichienda kweHama Ruddell manheru iwayo kunotaura bedzi, kwete kushumiro yekupodza. Zvino, asi rangarirai, imi garai panzvimbo yebasa, ipo pano patabhenakeri. Ino ndiyo nzvimbo yenyu, munoona. Saka isu tiri kutarisira nguva yakanaka. Zvino imi mose tinamatireiwo apo tiri kufamba.

28 Ndinovimba kuti Mwari vachasangana nesu manheru ano chirairo chisati chatanga. Uye zvino ndinofunga . . . Izvi ndizvo zvose zvatinazvo here, zviziviso, zvatingadai tichiziva? [Hama Neville vanoti, "Hongu."—Mupepeti.] Zvino, tichigadzira nzira . . . ["Mariro, mangwana masikati."] Chii, hama? ["Mariro, mangwana masikati, nguva dzatwo o'clock."] Mariro. ["KuEdmonton. Amai vaJ.T."] O, hongu. Mariro a . . . Mumwe wehama yedu inovhangera ichibva patabhenakeri ino pano achango . . . Saka, mumwe wedu pano. Iye anoenda kunze uye achifudza nekuparidza, Hama J. T. Parnell. Mai vake vanokosha vaduku vakafa humwe husiku, amai vachena bvudzi, vaduku, vatikombamirei. Zvino achange ari kuEdmonton, Kentucky. Iyo shumiro yemariro iriko mangwana. Ndinoziva kuti vazhinji venyu vanetsekana, taida kusvitsa maruva kwavari, asi isu tatadza. Zvino nzira bedzi yaonekwa nechechi kusvitsa ruva redenderedzwa ikoko, vazoita rekutofonera zvino vakaita kuti munhu wematsamba aende naro. Zvino iro richaendeswa mangwana, kuti rinosvika ikoko here kana kwete, iwo maruva, saka zvinobva zvati omei. Asi mazvirokwazvo tinoda kunzwirana pamwe chete, hama, nawedu Hama Parnell vachirasikirwa naamai vavo, zvinove, ini ndakaita zvimwe chetezvo nguva shoma yapfuura. Zvino ndine chokwadi chokuti Hanzvadzi Spencer uye nevamwewo vakawanda pano vari kunzwirana pamwe chete, zvakare, ivo vachangobva kufamba mukati memimvuri uye nekusuwa.

29 Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana, tiri muHupo hwaKe, tichinamata. Iye zvino ndinoda kuti imi mundinamatire. Zvino izvi zvakati omei manheru ano, ndichiedza kuti ndione, zvino ichi chiedza chichidzimaidza. Zvino—zvino ziso rangu ranaka, asi vaisa belladonna mariri kuti rivhurike. Munoziva zvazviri. Uye zvanga zvakadaro kwemazuva anenge matanhatu zvino, munoona, uye vati zvinogona kugara kweimwe vhiki kana mazuva gumi. Saka ndinamatireiwo. Uye maungira anenge achibva mumaikirofoni iyi pamadziro, imi ndinamatireiwo. Uye ndinogona kuona ruoko rwako, uye Mwari, kana iwe une chikumbiro ingosimudza ruoko rwako. Mwari, vanopindura munamato, apo takaungana tichirevesa uye takakotama zvino.

30 Baba vedu voKudenga, Makasarudza kuti tiungane pamwe chete. Uku kuda kwaMwari kuti tinofanirwa kuungana pamwe

chete apo patinenge tichiona Zuva richiswedera, uye kuti nguva nenguva, Ishe, kuzviunza pedyo neMi uye nepedyo mumwe kune mumwe, tichibatanidzwa mukuyanana, kubudikidza neRopa raJesu rakadeurwa rinoita kuti zvikwanisike.

31 Isu tinotenda kwazvo manheru ano, Ishe. Ini—ini—ini handina kumbenge ndakapa kutenda kwakadai ku—kuve pano, Ishe. Ini, ini ndiri kutenda kwazvo kwaMuri. Handikwanise kuwana mashoko anonyatsoratidza kuti ndiri kutenda zvakadii kuve nekuona uye nekunzwa, uye nokuve pakati pevapenyu panyika pano, kuti ndienderere mberi neEvhangeri. Izvi zvinoita kuti isu tinyatsokutendai, Ishe, kana tichiona kuti zvaive pedyo zvakadii zvokuti chete. . . Apo varume vane kunzwisisa kukuru vanongokwenya misoro yavo uye vachiti, "Ko zvingaitike seyi izvi? Rungori ruoko rwaMwari chete!" Saka ini ndinokotamisa musoro wangu mukuzvininipisa, Ishe, ndichiona kuti shura iri rakapihwa kwandiri, kuti riitwe pakatenderedza paive pakamira muranda weNyu. Ini ndiri kutenda zvikuru. Uye zvino, Baba, ini ndinokumikidza zvakare hupenyu wangu mukukushumirai iMi zvakare, mushure mekunge ndafamba zasi uko. Hazvimbofa zvakaitika muhupenyu kuva pedyo nerufu kupfuura izvozvo, uyezve worarama. Saka ini ndinotenda kwazvo.

32 Saka zvino ndinonamatira vanhu vose avo vasimudza maoko avo mudenga manheru ano, mumwe nemumwe wavo ange aine chikumbiro. Uye vazhinji vavo vane kutenda, potse vose, Ishe, mumoyo yavo, nokuda kwezvaMakavaitirawo zvakare.

33 Zvino tauya husiku huno kuti tiungane pane chiitiko chakakosha zvikuru, kuti, titore chatinodaidza kuti "chirairo," kana, "Chirairo chaShe." *Commune* [Chirungu—Muturikiri.] zvinoreva "kutaurirana, kana kukurukurirana." Saka ndizvo zvatiri kuita iko zvino, Ishe, kutaurirana naIshe wedu, kukurukurirana, kutaurirana, tichimirira paAri kuti iYe atipindure.

34 Saka zvino, Baba, tinonamata kuti iMi mutaure kwatiri zvakare manheru ano kubudikidza neShoko rakanyorwa. Uye mutipewo chimwe chinhu mumoyo yedu, dzikamisai rwendo rwedu—rwedu—rwedu, Ishe, uye mogotipa hushingi hutsva. Uye ropafadzai mufundisi wedu, Ishe, hama yedu yakakosha, muranda weNyu, pamwe nemudzimai wake nemhuri yake; uyezve nemadhikoni nematirastii, uye nemunhu wose anouya kuchechi. O Mwari, tiswededzei pedyo neMi. Dai pakave, sekutaurwa kwazvakaitwa nemudetembi, "Ngakuropafadzwe iko kusungana kunobatanidza moyo yedu murudo rweChikristu. Kuyanana kwedu kwepfungwa dzine hukama zvakafanana neizvo zviri kumusoro." Zviitei, Ishe. Ropafadzai vamwe vose vanamati pasi rose. Saka zvino, Baba, medurai Chingwa cheHupenyu kwatiri apo tichimirira paMuri. NemuZita raJesu Kristu, Mwana weNyu anodikanwa, tinozvikumbira. Ameni.

35 Zvino, vanhu vazhinji vanoda kunyora pasi mashoko ayo epanogona kuverengwa nemushumiri. Zvino ini ndine... Masikati ano mushure mokunge ndabuda neHama neHanzvadzi Wood...Isu tange taenda kunoona Hama yedu Gobel Roberson, saka tanga tiri, mukamuri yake yokuratidzira. Saka tadzoka, zvino ndokufunga...Hanzvadzi Wood vanga vachindiudza pamusoro pemharidzo yakanaka kwazvo yaparidzwa nemufundisi wedu mangwanani ano. Saka ndabva ndatanga kufunga pamusoro pemuchinda muduku anonzwisa tsitsi, zvimwe ane pahuro panorwadza, uye ini ndinapowo zvakare, asi ini—ini ndafunga isu tinogona kugoverana izvi pamwe chete, zvimwe, kana akazondikumbira kutaura. Zvino ndanyora pasi zvinyorwa zvishoma pano zvandiri kuda kutaura pamusoro pazvo.

36 Chekutanga, ngativhurei kuna Vakorinde veChipiri 6:7 kusvika 10. Vakorinde veKutanga, chitsauko 6, ndima 7 uye neyechi 10, kusanganisa neari pakati. Uyezve Genesi 14:18 kusvika 19. Uye ndotora kubva ipapo, Ishe vachitendera, kachi-...kana chidzidzo kubva paverengwa. Uye zvino ndichaverenga kubva kune veKutanga...kana kubva kuna Vakorinde veChipiri, vekutanga, Vakorinde veChipiri 6:7 kusvika 10.

> *Pashoko razvokwadi, pasimba raMwari, nenhumbi dzokurwa dzokururama kurudyi nokuruboshwe,*
>
> *Nokukudzwa...kusakudzwa,* uye *neguhu rakaipa neguhu rakanaka: sevanyengeri, asi tiri vezvokwadi hedu;*
>
> *Sevasingazivikanwe,...asi tichizivikanwa hedu zvikuru; sevanofa, asi, tarira, tiri vapenyu hedu; sevanorohwa, asi tisingauraiwe hedu;*
>
> Sevakasuwa*, asi tichigara nguva dzose tichifara hedu; sevarombo, asi tichipfumisa vazhinji hedu;* uye *sevasina chinhu, asi tinazvo* zvinhu *zvose.*
>
> Genesi 14:18 ne 19.
>
> Zvino *Merikizedheki mambo weSaremi akauya nechingwa newaini: iye wakanga ari muprista wewe*kumusoro-soro...
>
> *Zvino* akaropafadza Abrahama, akati, *Ngaaropafadzwe* Abrahama *waMwari* wekumusoro-soro, *muridzi wedenga nepasi:*

37 Zvino kana ini ndikauti musoro wenyaya, ndingade kutaura pamusoro pechidzidzo chekuti, ku...*Kuve Nezvinhu Zvose.* Sezvazviri muna Vakorinde pano, isu...Inotaura kuti tiri—tiri varombo, asi tiine zvinhu zvose. *Kuve Nezvinhu Zvose.* Zvino, ini ndinozvida izvi. Zvino muna Genesi tinoverenga pamusoro paAbrahama achisangana neMunhu mukuru uyu

anonzi Merikizedheki, Uyo aive ari Muridzi wezvose Denga nenyika. Zvino, iYe wacho akange ari Muridzi wezvinhu zvose, Muridzi weDenga uye nenyika, ndiko kuti, wezvinhu zvose.

38 Zvino, isu tinoziva nyaya yaAbrahama uye nezvose zvakaitika. Iye aive adaidzwa kune nzvi—nzvimbo yebasa. Iye aive adanwa kubva munyika yake, nyika yevaKaradhiya, uye neguta reUri, uko kwaaimbove nababa vake uye nevanhu vake. Zvino kwaive zasi mumipata yeShinari, zvichida nyika ine ivhu rakapfuma. Zvino Abrahama, sekuziva kwedu, akange asiri munhu anoshamisira mumaziso enyika. Uye zvimwezve, aive asiri mambo, kana wehumambo, kana mutungamiri. Iye aingovewo munhu. Zvino iye aive aroora hanzvadzi yake pahukama, aiva Sara, uye dzimwe dzenguva aive amuroora achiri mudzimai wechidiki. Zvino Mwari vaive vamudana pazera remakore makumi manomwe nemashanu, kuhupenyu hwekushumira, zvino izvi zvaisanganisira nemubatsiri wake.

39 Zvino ipo pano tinogona kutanga. Ini ndinotenda kuti kana Mwari vadana murume kushumiro, kana ari murume akaroora uye ane mubatsiri, Anodana nemudzimai wake pamwe naye, nokuti ivo vaviri vave chinhu chimwe. Saka naizvozvo, kwese-kwese, tinozoona kuti Mwari vaigona kutouraya Sara apo paakapokana shoko reNgirozi, makore makumi maviri nemashanu akazotevera, apo pavaive vagere pasi pemuoki nezuva riya, asi paakaseka apo Ngirozi payakamuudza, kana kuti payakaudza Abrahama kuti mudzimai achazove amai, zvino Sara ndokusekera mumoyo make zvino ndokuti, "Ndingazviite sei, ndachembera?" Makore makumi mapfumbamwe okuberekwa, uye murume wake ave nezana remakore ekuberekwa. Wake. . . chizvaro chake chaive chaoma kwemakore akawanda, uye mutumbi wake waive wafanana newakafa. Saka iye aizove nemufaro nemurume wake seyi zvakare? Zvino iye akabva asekera mumoyo.

40 Zvino Ngirozi, Iyo yaive nemusana wakafuratira tende, yakati, "Seyi Sara aseka?"

41 Zvino iye akazviramba. Saka, kutaurira Mwari kuchiso chaKe kuti iYe aive "akanganisa." Maona? Saka izvi zvaigona kutora hupenyu hwake, asi Mwari haaikwanisa kutora Sara, nokuti aive chikamu chaAbrahama. Maona? Uye aive musungano pamwe naye, saka aifanirwa kuenda nemurume. Saka haAikwanisa kutora Abrahama. . . kana kuti kutora Sara, asina kutora chikamu chaAbrahama, nokuti vaviri ava chinhu chimwe.

42 Mufananidzo wakaisvonakisa wedu isu nhasi, tisina kukodzera, takafanirwa nerufu apo patinotadza, asi Mwari havakwanise kutiuraya, nokuti iVo vaizo. . . isu tiri chikamu chaKristu. Maona? Ndidzo nyasha dzedu, nokuti takabatanidzwa naKristu. Iyi haizi pfungwa yakanaka here,

kubatanidzwa naKristu? Saka naizvozvo, zvitadzo zvedu, kana tichizviita, tinofanirwa kukurumidza kuzvireurura, kuti "zvakatsveyama," nokuti Mwari anogona kutora hupenyu hwedu. Asi Ropa rinotipindurira panzvimbo yedu, uye Mwari havagone kuyambuka Ropa iroro. Maona? Iye haagone kutozviita, nokuti ivimbiso yokuti iYe haazozviiti. Saka haAgone kutyora vimbiso yaKe pachaKe. Maona? Saka Mwari akazviisa pachaKe, tingangoti, muchizarira. Munoona, iYe haagone kutyora vimbiso yaKe. Saka AkaZvivimbisa kubudikidza nemuRopa riya, kuti ani nani anotenda ane Hupenyu Husingaperi, uye haAgone kuputsa vimbiso iyoyo.

43 Saka zvino tinoona kuti Abrahama, mukuteerera, akabva pamusha pake, akasiya nyika yake, uye ndokuzvipatsanura kubva pane zvinhu zvese, chinzvimbo chake chose panyika, zvaakanga anazvo, kuti aende kune nyika yevatorwa, achifamba. Mufananidzo weKereke. Tinokumbirwa kuti tisiye zvinhu zvose zviri munyika ino, kuti tikwanise kutevera Kristu.

44 Zvino, isu tinoona Abrahama achitevera, gore negore. Zvino akatora chimwe chikamu naye, avo vaive baba vake, ivo vachibva vangofa pakarepo. Uye ndokubva atora mwana wemukoma, uyo aive Roti, zvino Roti akazvipatsanura nokuda kwegakava, zvino ndokuenda kunogara zasi kuSodhoma, zvisinei hazvo aive chikamu chaAbrahama. Zvino Mwari akapa nyika nezvose zvaive mairi, kuna Abrahama, akava mudyi wenhaka wazvose. Mwari vakati, "Tarisa kumabvazuva, kumadokero, kuchamhembe, uye kumaodzanyemba, zvino zvose izvo ndezvako uye nekumbeu yako ichatevera shure kwako. Zvose ndezvako!"

45 Zvino, rimwe zuva Abrahama zvakange zvakamuomera, uko Roti zvaive zvakamurerukira, achishambira muzvivi. Uye zviri nyore seyi uye zvinofadza seyi kuratidzika kwechivi, uye chinoratidzika sokunge chisina mhaka. Zvino, kana Roti akataura izvi, "Chero bedzi ini ndichitenda! Ini ndinotenda muna Mwari, saka ini ndinotadza seyi kudzika zasi kuno kuSodhoma, uye—uye zvose zvinenge zvakanaka. Ini ndiri mutendi." Asi zvakange zvisina kumbonaka.

46 Munoona, Mwari, paAkadana Abrahama, Akamudana kuti azvipatsanure kubva pane zvinhu zvose. Saka izvi ndizvo zvatinofanira kuita. Mwari vanotidanira mune kupatsanurwa kwakakwana kubva muchivi, "Budai kubva machiri, musave munobatirana nacho!" Chitizei, iko kungoratidzika kwekuipa. Kuzvipatsanura, kunyatsoparadza zvachose kubva kwachiri! Garirai kure nacho. Usatombotsika munharaunda dzacho, zvisinei kuti—kuti icho . . . chinoratidzika zvakanaka sei.

47 Imi vanhu, munogona kufunga ipo pano zvino, hezvinoi zvazviri, "Hama Branham, ini—ini dzimwe nguva ndinoedzwa kuti ndibe, kana dzimwe nguva ndinoedzwa kuti ndipute." Kana

kuti dzimwe nguva madzimai anofunga, “Ini ndinoedzwa kuti ndipfeke sevanhu vemunyika, munoziva, nhumbi dzinonyadzisa nezvimwe. Ini ndinoedzwa,” vakadzi vechidiki. Zvino, iwe unofunga kuti izvozvo muedzo, ko kuno uku kwekuti unofanira kutarisisa kamufambiro kose zvako, munoona, mushumiro. Chinhu chikuru chakadii seyi kuno uku, uye nezvakawanda zvavachazopindurira pazviri. Nokuti, imi munofanirwa kupindurira mweya yenyu pachenyu, asi isu tinofanirwa kupindurira munhu wese watinotaura naye. Maona? Saka Satani anongogara . . . Apo pamunogona kutaura kuti, imi: “Hakazi kadhirezi kadiki kakanaka here aka? Kakatsveyama kuti upfeke, asi hakana kunaka here? Iko kanonyatsondigara zvakanaka.” Apa zvazviri kwandiri . . . Zvino, izvozvo, munoziva kuti zvakatsveyama. Asi kumushumiri ndezvokuti, “Unofanirwa kuenda kumusangano uyu kuno, ndizvo zvazviri. Ivo vanoti wakanyatsokura, iyo ungan- . . . ” Asi zvakadaro unofanirwa kumira uye ugonzwa Mwari vachiti “enda,” munoona. “O, unogona here kuenda kumusoro uko uye ugoona munhu uyu kuno uku? Izvi ndizvo *zvakati-zvikati*.” Zvino unofanirwa kutarisa, wakachenjerera. Maona? O, zvine mano kwazvo. Zvino isu tinofanirwa kutarisisa zvinhu izvozvo.

48 Zvino, Abrahama aifanirwa kutarisisawo, zvakare. Asi iye, pane kuti adzike zasi kuSodhoma naRoti, iye akazvipatsanura zvino ndokuenda mugwenga, ndokutora nzira yevaye vashoma vanoshorwa vaShe. Ndiwo anofanirwa kunge ari maonero edu. Kutora nzira nevanhu vaMwari zvisina basa kuti zvakaoma here kana kureruka, ingoenda zvakadaro. Iva wakagadzirira kuenda nguva ipi zvayo, zvino, chero kwese kwaAngakudane.

49 Zvino, shure kweizvi zvaitika, zvino paka—pakauya mumwe mambo akatanga hondo nekarudzi kaduku kevanhu kumusoro ikoko, ndokudzika nemumupata zvino ndokutora tumapoka tuduku twose, tuhumambo tuduku kunze, uye ndokutora, ndokuuya muSodhoma zvino ndokutora mambo weSodhoma neGomora, ndokutora Roti (mwana wemukoma waAbrahama), mudzimai wake, vanasikana vake, vana vake, vose zvavo, uye nehupfumi hwavo hwose, zvese zvavaive nazvo, ndokupinda nomukati vachipfurira, vachitsvaira nyika yese vachingoenda. O, chaive chinhu chakashata seyi, mubairo wechivi rufu! Roti akazvicherechedza, pasina kupokana, achifamba achienda uye dzimwe nguva aine ta—tambo kana cheni muhuro make, senhapwa; vana vake, vasikana vadiki vaizobhinywa; uye nemudzimai wake, nezvose, uye pamwe vaigona kufa chero nguva ipi zvayo. Iye akange asina kuterera murairo mumwe chete, uye pamwe ave kuenda kune humwe humambo huri kumwewo kuti ave nhapwa mazuva ehupenyu hwake hwose.

50 Asi Abrahama, paakaziva kuti Roti aive atorwa, uyo aive chikamu chehupfumi hwaAbrahama. Zvino Abrahama aigona kunge akataura izvi, “Mwari, iMi makandiudza kuti kana

ndikakuteererai iMi uye ndikafamba muno umu, munyika ino, Muchaipa iyi kwandiri. Iyi ndeyangu. Zvino Roti chikamu chayo, zvino ini ndave kutomutevera." Saka iye akaronga mauto, kana kuti akaunganidza pamwe chete varanda vake, zvino ndokuvapa zvombo. Zvino akatora varanda vake, ndokuenda kusvikira akavatevera ndokuwana mambo uyu nehumwe hwese humambo huduku. Tarisai kuti vakange vari hondo huru yakadini ipapo! Asi pasi pekutungamirira kwaMwari, Mukuru wemaUto, akazvipatsanura pachake, ndokunovarwisa uye ndokuuraya madzimambo acho, zvino ndokudzosa zvakare Roti nehumwe humambo hwese huduku, ndokuvadzosazve kwavari, kunyika yavo zvakare.

51 Mufananidzo wakadii waKristu muna Abrahama ipapo, achiendera muvengi mushure mokunge atapa zvinhu zvose, zvino Kristu akauya akatidzosa zvakare.

52 Zvino tinoona munyaya huru iyi kuti Abrahama, munzira pakudzoka, achidzoka mushure mekunge kukunda kwapera, iye akasangana neMuridzi weMatenga uye nenyika, Merikizedheki, anova Mambo weJerusarema, Mambo weSaremi, raiva Jerusarema, anova Mambo weRugare, anova Mambo weKururama. Aive asina baba, Aive asina amai, Aive asina mavambo uye haAzombova nemagumo, saka aisava mumwe munhu asi Samasimba. Zvino akasangana naYe panzira yokuenda kumba, achibva kunouraya mambo. Akasangana neMuridzi, iYe Wacho muridzi wezvinhu zvese akasangana naye munzira achidzoka. Chinhu chakanaka zvakadii! Zvino Abrahama . . .

53 Ini ndinozvida izvi. Abrahama aive mudyi wenhaka kune zvose, nokuda kwevimbiso, saka aigona kukambira zvose zvaive zviri munyika, nenyika yacho pachezvayo. Abrahama aive apihwa vimbiso. Zvino, isu tinonzwisisa kuti Abrahama aive ari murombo wekupedzisira munyika yose, nokuti aigara kunze mugwenga, uye achigara murugare naMwari. Zvino Roti, akapfuma, aigara muguta uye achibva ave mukuru weguta; aigara pasuwo, aiva mutongi, uye aitonga guta, uye aive nehupfumi hwese nezvinhu. Asi Abrahama aive ari mugwenga, uye zvi . . . zvichida ari murombo wekupedzisira munyika, asi zvakadaro achikambira kuve muridzi wazvose. Ameni! Izvi ndizvo zvandinoda.

54 O, manheru ano, isu tinogona kunge tisiri vapfumi mune zvinhu zvepanyika pano, asi tiri varidzi vezvinhu zvose. Kereke, pachaYo, muridzi wezvinhu zvose. Asi vari varombo, asi zvakadaro vari vapfumi uye vari varidzi vezvinhu zvose. Ini ndinozvida izvi. Iye . . . Isu—isu takadaro. Chimbo chakare chataiimba makore apfuura, "Baba vangu vakapfuma nedzimba uye nenyika, Vakabata hupfumi hwenyika muruoko rwaVo! Marubhi nemangoda, nesirivheri negoridhe, matura aVo akazara, Vane hupfumi husingataurike." Uye isu tiri varidzi

vahwo, nokuti tiri mwana waMambo. Ameni. Mwana anogara ari mudyi wenhaka, tinoziva. Zvakanaka.

55 Abraham aigona kuibata, kunyange ari murombo, mombe dzake dzaitofa nenzara; Roti akatora nyika yaive yakanakisisa. Mvura yake yaisakwana. Mazuva anopisa, uye vafudzi vemombe vakambopinda mudambudziko, uye zvinhu zvose zvichiratidzika kunge zvatsveyama kuna Abrahama, asi zvakadaro ndiye aive muridzi wezvinhu zvose.

56 Uye, nhasi, mutendi wechokwani anotodzingwa kubva pakati pevanhu, anodaidzwa kunzi "mupengo, muumburuki mutsvene," kana imwe mhando yezita rekutuka, mumwewo mupengo wezvekunamata, asi zvakadaro ari mudyi wenhaka yeMatenga ose uye nenyika. "Vakaropafadzwa avo vanyoro, ndivo vachagara nhaka yepasi." O, ini zvangu! Kutaura nezvekukusandudzira kunze mune kamba kemapuranga kana kumwewo, uye usina kana mari yakakwana yokubhadhara rendi, asi iwe uri muridzi wazvose. Ameni. Unotofanirwa kushanda uchishingaira uye nokudikitirira madhora mashoma, kuti utambire . . . kurarama kwakarurama, kuti upfekedze shangu mutsoka dzevana vako, uye nokudyisa tumiromo twavo tuduku tune nzara, asi zvakadaro uri muridzi, mudyi wenhaka yezvose zviripo pano. "Vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika." Ndivo varidzi vayo. O, ini zvangu, ini ndinozvida izvi! Muridzi wenyika! Chii ichocho? Mutendi. Mutendi ane gwaro remvumo, gwaro risina chipomerwa, ndizvozvo chaizvo, kubudikidza naJesu Kristu, kuti "Iye achava muridzi wematenga ose." Ndizvozvo chaizvo. "Vanyoro ndivo vachagara nhaka yenyika."

57 Abrahama aive—aive, aigona kutora nyika iyoyo, nokuti . . . uye nezvaiva pairi. Mwari akazvipa kwaari. Zvino Roti aive chikamu chenyika iyoyo. Saka Abrahama aive nemvumo kwairi. Aigona—aigona kudana kana kubatirira pairi. Iye akati, "Zvino, Mwari, iMi makandiitira vimbiso, iyo yaive nyika ino uye nezvose zviri mairi ndezvangu, uye iMi makaita vimbiso. Zvino hama yangu yatorwa, pamwe nezvose zvaainazvo zvatorwa."

58 Nemamwe mashoko, kana ndikazviisa muzuva ranhasi, ini ndingati, Chechi inogona kuti, "Ishe Mwari, heino hama yangu, irere pano, akarohwa nekenza, akarohwa neTB, ane *zvakati-nezvakati*. Ini ndinobatirira pavimbiso, ndeyangu. Imi, Makandiudza kudaro!" Ameni! Hezvoka izvo. Saka, ipapo unogona kudzingirira muvengi iyeye, dhiyabhore iyeye, zvino ugomuuraya sezvakangoita Abrahama akauraya madzimambo ndokudzosa zvakare zvinhu zvake. Amen. Ini ndinozvida izvi. Izvi ndezvemutendi.

59 Zvakadaro Abrahama aive nekodzero kuvimbiso, uye vimbiso yaive yake, asi zvakadaro aitofanirwa kurwa kuti aiwane. Ameni. Hezvoka izvo. Mutendi nhasi, kunyangwe tiri vadyi venhaka kune zvinhu zvese, asizve tiri vadyi venhaka

kune maropafadzo ese emweya, ese maropafadzo epanyama, maropafadzo ese anovimbiswa neBhaibheri, asi zvakadaro unotofanirwa kurwira chikamu chacho chose. Ndiyo nzira yazvakaitwa naMwari. Zvagara zvakangodaro. Iwe unofanira kutorwa kuti utore zvaunoziva kuti ndezvako. Unofanira kutorwa kuti uzviwane. Saka ndizvo zvatinofanirwa kuita iko zvino.

60 Iwe unoti, "Hama Branham, ini ndinoda kupodzwa."

61 Vimbiso ndeyako. Asi, kana iwe uchizoiwana, hauzi kuzoiwana zviri nyore, ini ndinokuudza kudaro. Uchatofanirwa kuitora kubva kuna Satani. Satani akatora hutano hwako, une kodzero yokuenda kuna—kuna Satani, woti, "Ndidzosere! Ndipe kuno! Ini ndinouya nemuZita raShe, Muridzi weMatenga nenyika, uye ini ndiri mudyi wenhaka yaKe. Ndidzosere! Iwe wakatora mwana wangu, wakaita kuti asangane nemukomana asina kunaka. Wakatora mwanakomana wangu uye ukamusanganisa nemusikana asina kunaka. Ini ndinovatora! Ndizvozvo chaizvo. Ini ndinotora vana vangu, ini ndinotora hama yangu, ini ndinotora hanzvadzi yangu. Hongu, Satani, iwe wakavatora kubva muimba yaMwari, ukavafurira kuti vabude ikoko, asi ini ndiri kuuya kuzovatora. Ini ndinovatora."

"Zvino, iwe unoziva seyi?"

62 "Ini ndiri mudyi wenhaka yezvinhu zvose. Ameni. Zvakapihwa kwandiri. Ini ndiri mudyi wenhaka, ini ndinogona kutora zvose zvakavimbiswa naMwari kwandiri." Ameni. Hezvoka izvo. "Ndezvangu." Unozviwana seyi, chimwe chinhu chawakaita here? Kwete, changamire. Ichi chingori chipo chausina kukodzera icho Mwari vakatipa, uye ndechedu, ndisu varidzi vacho. Satani haagone kuramba akachibata kana iwe ukaenda kwaari ne—neShoko rine simba reMagwaro, nekutenda, kwekuti, "Izvi ndezvangu! Zviise pasi." Ameni. Girori! Ini ndinozvida izvi. "Satani, iwe zviise pasi. Iwe wakazvitora kubva kwandiri. Iwe zvidzosere, nokuti ini ndiri kutokupa notisi yokuti uzviite. Ndine notisi yacho yakanyorwa ipo pano paShoko, 'Denga nenyika zvichapfuura hazvo, asi notisi iyi haipfuure.' Saka ini ndinouya nenotisi iyi, kuti ndikupe iwe, kuti Jesu Kristu akati chingave chii chandinokumbira kuna Baba nemuZita raKe iYe achandipa. Kana ndikati kune gomo iri, 'suduruka,' ndorega kupokana mumoyo mangu, asi ndichitenda kuti zvandataura zvichazoitika, ini ndinogona kuwana zvandataura. Zviise pasi!" Izvozvo zvinoita kuti atange kubva. Hazvingomuita kuti abve, asi zvinomuita kuti amhanye. "Zviise pasi, nokuti ini ndauya nemvumo yeMagwaro. Ini ndiri mutendi." Munozvibata izvi? Hongu, changamire. Hongu, changamire.

63 Chii chaakatanga kuita, Abrahama, kuti akwanise kuita izvi? Iye aifanirwa kutanga aisa kutenda kwake panheyo

yedombo-rakasimba yeShoko raMwari rakavimbiswa. Tarisai, chinhu bedzi chaaive nacho raive boka duku revaranda, pamwe vangaita gumi nevaviri. Zvino pamwe kwaive nezviuru zvevarume, vane zvombo. Zvino varume vake vakange vasiri masoja, vaive vari varanda, vafudzi vemombe, vafudzi vehwai, vafudzi; pamwewo mapanga ane ngura avaive vangonhongawo kumwe kunhu, zvino akaiswa pamusoro mune . . . kunze uko, zvino aive anaiwa kakawanda, aive nengura. Asi Abrahama akange asiri kutarisa pabanga rine ngura, kana pane kusava nenhowo zvachose. Iye aive akaisa kutenda kwake pane Shoko raMwari. Hezvoka izvo. Ndizvo zvinozviita. Ndizvo zvacho.

"Zvino ucharwa navo sei kana wasvika ikoko?"

64 "Izvi hazvizi kwandiri. Zviri kwandiri kuisa kutenda kwangu pane zvakataurwa naMwari. Izvi ndezvangu, ini ndiri kuendera zviri zvangu." Ameni. Zvino, kana vanhu vari kurwara vakaona izvozvo, chirwere chave kutopera ipapo. Maona? Zvechokwadi.

65 Apo mutadzi ave kukwanisa kuona kuti haafanirwe kutadza! Vanhu vazhinji, vanotadza nokuti vanofanirwa kutadza. Izvi zvinhu zvinonzwisa tsitsi kana iwe wava kuti "unofanirwa kutadza." Asi ukazoziva kuti haufanirwe kutadza zvachose! Pane vanhu vanongosimuka uye vachituka nekuseka pamberi pako, zvino—zvino vobva vakudana kuti "fuza" nezvimwewo zvese, vatadzi nebwoni. Munoona, saka ava havana tariro pavari. Asi uyo munhu anogara achiita chimwe chinhu nguva dzose, iye asingade kuzviita. A—anoba, asi asingade kuzviita. Uye anonyepa, asi asingade kuzviita. A—anoita zvinhu zvaa—asingade kuita, haadi kuve mutadzi. Pane tariro paari kana ukagona kumuita kuti aone Chokwadi. Maona? Uya kune vimbiso yaMwari zvino woisa kutenda kwako ipapo, zvino wofamba uchienda uko kune muvengi. Iye zvirokwazvo haagone kuramba akazvibata, ndizvo chete, nokuti ndezvako.

66 Zvino, ngatitarisei kune muchinda uyu zvino. Pano Abrahama akati, "Ndiri mudyi wenhaka. Izvi ndezvangu, zvinhu zvose zviri munyika ino ndezvangu. Nokuti Mwari . . . Handisati hangu ndava nazvo." Asi iye aive nazvo, zvaive zvake, zvakangodaro.

67 Zvino tiri vadyi venhaka yezvinhu zvose. Izvi ndizvo here? Isu tiri vadyi venhaka yezvinhu zvese. Bhaibheri richangobva kuzvitaura pano. Isu tiri vadyi venhaka yezvinhu zvose, zvinhu zvose. Hatisati tave nazvo, asi ndezvedu. Ameni. O, girori! Handina kana kachidimbu chenyika yacho, asi yose ndeyangu, zvakadaro. Ichokwadi. Yese ndeyedu, ndeye vanhu, Chechi, vatendi, Mwenga waKristu ndiwo muridzi wekese kachidimbu kayo. Russia iri kuirwira, United States iri kurwira *iyo*, uye uyu achirwira *iyi* ne*iyi* necheuko, zvino isu votiti "tinopenga." Ingogara wakadzikama, ndeyako, zvakadaro.

Ameni. Mese muchagara nhaka kwairi, zvisinei, saka vasiyei vakakavadzane uye nokuputitsana. Iyoyi yose ndeyedu. Ndisu vacho vanoiwana. Havatombozvifungidzira, asi isu tinozviita, zvakadaro. Kuzviita, zvakangodaro!

68 Ndiani aigona kufunga kuti kamurume kamurombo kadiki kakwegura kumusoro uko, dziya mombe dzachembera dzakaondoroka, dzangosara mabhonzo dziri pamusoro pechikomo, aive muridzi wazvose? Parastina yese yaive yake. Hongu, changamire. Saka paakasvika panguva yekuti mangange asvika, Mwari vakabva varatidza kuti vaive naye. Akatora varume vaya vashoma-shoma zvino ndokuenda kunze uko ndokuuraya mumwe nomumwe wavo, uye ndokudzoka nezvinhu zvake. Ameni. Ini ndinozvida izvozvo. Sei? Akaisa kutenda kwake pavimbiso yeDombo yaMwari. Ndizvo zvazvinotora. Haana kuvaka imwe nheyo, oenda kunobatana nesangano kana kunotora chimwe chakadai. Iye akaisa kutenda kwake pamusoro peVimbiso iyoyo! Ameni. Ndizvozvo chaizvo, paVimbiso iyoyo, zvino ipapo akabva afambira mberi! Munondo une ngura kana kusava nemunondo une ngura, hazvina kana kuita mutsauko kwaari, iye aive nokutenda kwake kwakazembera paVimbiso.

69 Zvino kana wauya mberi kuzonamatirwa, kana uchida ruponiso, kana uchida kupodza kwaMwari, hazvina basa kuti chii, kana uri mutendi, iwe uri mudyi wenhaka wevimbiso dzose. Saka isa kutenda kwako pamusoro pevimbiso wofamba uchienda mberi, zvino ugoudza Satani, "Zvidzosere! Zvidzosere! Ndezvangu." Usambomuita kuti akunyengere. Mira ipapo pamutsara, iye achadzosera. Mwari akati achazviita, saka anofanirwa kuzviita. Isimba rako. Ndizvozvo chaizvo, mudyi wenhaka kune zvinhu zvose!

70 Iye akagara panheyo iyoyo, Shoko rakavimbiswa, zvino iye akange ane mudyi wenhaka. Iye aive mudyi wenhaka, saka aizviziva. Zvakanaka, changamire, mushure mekunge vimbiso yazadzikiswa kwaari, akava nokuwadzana neMuvimbisi (ndinozvida izvi) shure kwekunge Mwari vapa vimbiso. Saka zvino, munoona, Abrahama akange asati amboedzwa kumashure, saka iye . . . wemhando yakadaro. Saka iye akaziva kuti yose yaive yake, saka ndiyo yaive vimbiso, zvakadaro akange asati amborwa nemauto. Iye hapana chaaiziva pamusoro pazvo. Iye—iye aive asiri munhu akambodzidziswa zvokurwa. Abrahama akange asiri murwi, aive murimi. Zvino Abrahama hapana chaaigona kuita, nokuti iye—iye akange asiri musoja. Varume vake vakanga vasiri masoja, vaive varimi. Saka chinhu bedzi chaaigona kuita kwaive kungotora vimbiso yaMwari, woisa kutenda kwake pavimbiso ndokubuda kunze, obva atevera. Zvino Abrahama paakaona izvozvo, achibva atora vimbiso, iye achibva aona kuti Mwari akaisimbisira kwaari, kuti iYe anogona kuchengata vimbiso yaKe . . . Ameni! Hezvoka izvo.

71 Kana usati wambowana Mweya Mutsvene nazvino, usingazive chinhu pamusoro paWo, zvino chimwe chinhu mumoyo mako chichikuudza kuti iwe unoUda, iwe ramba uri ipapo. Ndiwo Hupenyu Husingaperi, ndizvo zviri nhaka yako. Ramba uri ipapo, uye tarisa Satani kuchiso ubva wati, "Iwe ndiwe mbavha, iwe ndiwe wacho! Ini ndauya kuzotora zvakafirwa naJesu Kristu kuti ndive nazvo, iko zvino zvidzosere! Ibva munzira yangu!"

72 Zvino, chinhu chokutanga unoziva, Mweya Mutsvene unodurukira pamusoro pako. Zvino chimwe chinhu chinoitika. Chimwe chinhu chinozoitika. Chii ichocho? Mwari asimbisa kuti Anochengeta Shoko raKe. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, munoona, zvino mushure mokunge waona Shoko richisimbiswa kwauri, kuti iwe wakaponeswa, iwe une Mweya Mutsvene, zvino chii? Abrahama aive awana kukunda, heuno wouya achidzoka achifora; iye aidzika zasi, nekutenda kwake kwakazorora paShoko kuti aikwanisa kuzvidzosa, zvaaive arasikirwa nazvo, zvino iye hoyo odzoka nazvo, achifora nemaforero emukundi. Ndizvo zvimwe chetezvo zvaunogona kuita. Kana usina Hupenyu Husingaperi, kumbira Mwari. Reurura zvivi zvako, tenda mune Mwanakomana waMwari, gamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvino woti, "Mwari, ini ndinoUvinga, ndiri pano kuUgamuchira." Ipapo unodzoka, uchifora semukundi. Iwe waUwana. Ameni. Uchingopenya, ini zvangu, shiri dzave kuimba zvakasiyana, uye munhu wese. . . Iwe uri murudo nemunhu wese zvino. Irwo ruvengo rwakare, pfini, kukakavara kobva kwaenda. Unoda munhu wese! O, iwe uri kungova nenguva yakaisvonaka, uchiimba, uchidaidzira, uchirumbidza Mwari. Hazvina basa kuti mumwe munhu anotii pamusoro pako. Zvese zvakanaka. Chokwadi, uri mukufora kwemukundi!

73 Zvino Ndiani anouya kuzosangana naye? Ndiani anouya kuzosangana naye? Merikizedheki. Merikizedheki anouya kuzosangana naye mushure mekunge Shoko rake rasimbiswa. Merikizedheki ndiYe akamupa Shoko. Zvino akaisa Shoko rake. . . kutenda kwake paShoko, ndokuwana kukunda achibva adzokera, zvino ndokuzove nekuyanana. Ameni. Zvino, iwe uchadarowo, zvakare. O, Shoko raKe richave chimwe chinhu chitsva kwauri, chero paunenge wawana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. O, ini zvangu!

74 O, iwe unoti, "Ini handione zvinhu izvi. Ini handitende mukudanidzira. Ini handitende mukutaura nendimi. Ini handitende mukupodza kwaMwari." Izvi zvinongoratidza kuti iwe hausati wawana kukunda. Ndizvozvo chaizvo. Asi imwe nguva yauchawana kukunda, zvino wave nazvo. Zvino wave nazvo. Hongu, changamire, zvino unogona kuchidaidzira. Ini. . .

75 Munoona imwe nguva ndaimbofunga pamusoro pekutamba muMweya, ndichiona mumwe munhu omira zvino otamba

ari muMweya. Zvino, ndakaona kutevedzera kune kunyomba kwazviri, asi ini ndakaona zvacho zvechokwadi, zvakare. Saka, ini ndakazoona kuti, seyi vanhu vachitamba vari muMweya? Zvino, ini handisati ndamboona mumwe achitsauka, ini handisati ndamboona mumwe achiita zvisina hunhu. Ini—ini ndinogara ndichizviona zvingori zvakadzikama uye zviri muhurongwa nemukutapira, kunyangwe vatadzi vanomhanyira kuartari vobva vaponeswa kana izvi zvichiitika. Zvino, ini ndakafunga kuti seyi zvichidaro, zvino ini ndakazoona kuti kukunda.

76 Dhavhidhi akatamba pamberi paMwari, apo Areka yakadzoswa zvakare panzvimbo yaYo yekuzororera. Ameni. Apo Dhavhidhi paakaona Shoko, sezvarakanga Riri kare riri pamahwendefa edombo, richidzoswa panzvimbo yaRo chaiyo, Dhavhidhi akafara ndokutamba ari muMweya, achitenderera nokutenderera achitenderera. Seyi? Akaona Shoko radzoka panzvimbo yaRo. Ameni.

77 Zvinodiwa neShoko, hazvizi zvinobva kune imwe seminari, zvimwe zvefundo yeBhaibheri zvakasanganiswa; asi muparidzi wechinyakare, akatumwa naMwari ari kuseri kwepurupiti, aine Shoko, achiona Mwari vachiRisimbisa, kupupurira.

78 Zvino Dhavhidhi akati, "Mbiri kuna Mwari, Izvi ndizvozvo!" Zvino ndokutenderera nokutenderera ndokutenderera nokutenderera. Kamudzimai kake kadiki kaive kaomerwa kakagara apo, ari mwanasikana wamambo, ndokuti, "Nhai, a—a—anondinyadzisa ini."

79 Zvino Dhavhidhi akati, "Iwe haudi izvi? Chitarisa izvi!" Zvino hoyo otenderera nokutenderera zvakare. Hongu! O, ini zvangu, inguva yakadii yaaive nayo!

80 Munoziva, Mwari vakatarisa pasi kubva Kudenga, ndokuti, "Dhavhidhi, uri murume ari pamwoyo paNgu iNi." Maona? Maona? Sei? Iye aive arasikirwa nokuzvikudza kwese, aive arasikirwa nezvake zvose. Kunyange aive akaroora mwanasikana wamambo, asi izvozvo hazvina kuita basa ipapo. Iye aiziva kuti aive achizivana neMuridzi weMatenga uye nenyika, zvino apa pakange pane Shoko raMwari richiuya richidzoka pakati pavo zvakare, zvino Dhavhidhi akafara zvikuru achibva atamba. Iye akangotamba zvine simba sezvaaikwanisa.

81 Miriamu, akatora tamborina zvino ndokudzika kumahombekombe, achitamba ari kune rimwe divi. Shure kwekuyambuka nepakati peGungwa Dzvuku uye achiona vavengi vake vanyura, ipapo iye akatamba ari muMweya. Apo paakaona vavengi vakanga vamutambudza, vafa, zvino akatamba ari muMweya. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, munoona, mushure! Shure kwekunge hondo yakundwa, zvino kubwinya kwaMwari kwakadzika pasi.

82 Zvino, tinoona kuti Akazosangana naye. Zvino shure kwekunge vimbiso yasimbiswa, iye—iye akave nokuyanana. Merikizedheki ndokuuya kuti aropafadze Abrahama, zvino iYe ndokuti, "Akaropafadzwa Abrahama, uye ngaaropafadzwe Mwari waAbrahama, Muridzi weMatenga nenyika."

83 O, ini zvangu, ini ndinozvida sei izvi, vimbiso yemutendi! Imi munoti, "Izvozvo zvinei nechekuita nesu?" Kumutendi wese! Vimbiso yemutendi Hupenyu Husingaperi. Vimbiso yemutendi Hupenyu, mufaro, rugare, moyo murefu, hunyoro, kutsungirira, zvibereko zveMweya, kupodzwa kwaMwari, zvinhu dhazeni zvandanyora pasi apa, potse, zviri zvako iwe. Izvozvo ndezvako, asi haugone kuzviwana kusvikira watozvirwira. Izvozvo ndezvako. Zvinhu zvose zvinoonekwa, zvinhu zvose zvisingagare zvinoonekwa, ndezvangu. Mwari vakazvipa kwandiri, nokuti kubudikidza naKristu Vakazvipa kwandiri. Uye zvinhu zvisingaonekwi ndezvangu. Ameni. Ini ndinozvida izvi! Zvaunogona kuona, sekupodza kwaMwari, nezvimwe, zvakadaro, izvo zvakanaka, isu tinoyemura izvozvo; asi zvisingaonekwi!

84 Zvino, sainzi inogona kutsvagurudza pane izvozvo zvino yoti, "Saka, regai tione, regai nditore murume uyu. Imi munoti akapodzwa, regai ndimutore uye ndimuongorore. Regai ndione kuti chii chakaitika. Zvino imi munoti makanga mune bundu imwe nguva, changamire?"

"Hongu, *apo* chaipo."

85 "Zvino, regai ndimbokupai rutsvagurudzo rwezvesainzi kuti ndione kuti harina kungowira mukati here uye risina kuenda. Iwe unoti wakambenge usingaone uye zvino wave kuona. Saka ini ndinoziva sei? Regai nditarise kubudikidza nesainzi kuti ndizvione."

86 Zvino, ivo vanogona kutsvagurudza pazviri, asi zvakadaro ini—ini ndiri mudyi wenhaka kune izvozvo, zvakare, zvinhu zvose zvinobatika. Uyezve ndiri mudyi wenhaka kune zvinhu zvisingaonekwi, izvo zvisingagoni kutsvagurudzwa nevesainzi. Ameni. Ameni. Zvinhu zvisingaonekwi, ameni, ini ndiri mudyi wenhaka yazvo. Hongu, changamire. Izvo zvinhu zvinogona kuonekwa, ini ndiri mudyi wenhaka yazvo. Iyo nyika ino pachayo, ini ndiri mudyi wenhaka, iwe uri mudyi wenhaka. Mutendi wese mudyi wenhaka, iye mudyi wenhaka kwairi. Zvakanaka, neizvo zvisingaonekwe! Muridzi wechii? Matenga nenyika. Ameni. Zvinhu zvose! Munozvitenda here izvozvo?

87 Imi munoti, "Hama Branham, ko zvekunze uko kwatisingakwanise kuona? Unoziva sei?" Zvichingori zvangu. Ndizvozvo chaizvo. Denga nderangu. Ndinofara kuti nderangu, Mwari vakataura kudaro. Zvino ndizvozvo chaizvo. "Saka, iwe hausati wamboona, ko unoziva sei kuti ririko?" Ini ndinoziva kuti ririko, zvakadaro, Mwari vakataura kudaro. "Ko unoziva

sei kuti iwe uri mudyi wenhaka kwariri, iwe usina kumbobvira wakariona?" Ini ndinotenda Shoko raKe. Ameni. Maona? Ini ndiri mudyi wenhaka, iwe uri mudyiwo wenhaka neni, tose tiri vadyi venhaka pamwe chete kubudikidza naKristu Jesu.

88 Mambocherechedza here pano muna vaKorinde pano, muna vaKorinde veChipiri, Pauro akati, kunyangwe zverufu, isu takabata rufu. Zvifungei izvozvo. Takabata rufu? Hongu, changamire, rwunotongwarira isu. Ameni. Zvakanaka, girori! Ini ndanga ndatokanganwa nezvekuputika kuya kwepfuti zvino, munoona. Sei asina kundiuraya? Nokuti haaikwanisa. Ndicho chikonzero. Mwari vakanga vasati vagadzirira. Iye angagona kuuya sekukwanisa kwake, asi haagone kukutora. Ameni. Girori! Ini ndakabhadhara chikwereti changu pane izvozvo kare-kare apo pandakatenda muna Jesu Kristu Uyo ari mupenyu nokusingaperi. Zvino rufu rwunoteerera kune zvatinotaura. Ameni.

Imi munoti, "Muridzi werufu?"

89 Ndizvo zvakataurwa naPauro pano muna Vakorinde. Rufu, nairwowo, takarwubata. Handiti, pavaigadzirira kudimbura musoro wake, iye akati, "O, rufu, rumborera rwako rwuripi? Rwuripi rumborera rwako? Ndiratidze paungandityisidzira."

90 Rufu rwukati, "ndichakusvinira pasi zvino ndonokuisa pasi muguva, zvino uchaora ugoparara."

91 Iye akati, "Asi, o, Mwari ngaavongwe," [Chibenga patepi—Mupepeti.] "Anotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu." Hongu, changamire. Rufu, gehena, neguva, ndinazvo zvese, nokuti iYe akatikundira zvose izvi. Muridzi!

92 SaJoshua naKarebhi vakaunza umbowo hwezvenyika yaive isati yaonekwa yaive yapihwa kuvanhu kubudikidza nevimbiso. Joshua naKarebhi vakadzoka neumbowo hwekuti kwaive nenyika yakadaro. Zvino, zasi kuno vainge vaine vimbiso yacho. Mwari vakavapa vimbiso, uye ivo vakanyatsosvika kunyika yacho, asi ivo vakange vasina kumbenge vaiona, zvino Joshua naKarebhi vakaenda kunyika yechipikirwa vakauya neumbowo hwekuti nyika yacho yaiveko uye yaive nzvimbo yakanaka, yaiyerera mukaka nehuchi. Ameni! Chaive chii? Ivo vaizonotora nyika iyoyo. Vaive nevimbiso. Vaive vari munzira yavo kuenda ikoko, uye vaive votosvika paJorodhani, zvino Joshua akayambukira mhiri achibva adzoka neumbowo hwekuti yaive nyika yakanaka.

93 Zvakangoitwa naJoshua kuvana veIsraeri (*Joshua* zvinoreva "Muponesi," iro shoko rokuti Joshua), zvino ndizvo zvimwe chetezvo zvakaitwa naJesu kuChechi apo pavakaMuuraya. Akakunda rufu. Akakunda gehena. Akakunda bwiro. Uye Akamuka zvakare aine umbowo, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuti kune Nyika mhiri kwerwizi, yavanoti ivo inotapira nokusingaperi. Ameni. Akadzoka akatiunzira

umbowo. Ihwo hunoita seyi, Hama Branham? Hunoita kuti urege kunyepa, kuba, kunwa, kutuka, kushaiwa hunhu, nezvinhu zvose. Hunoita munhu mutsva mauri. Ini ndaive ndakambofira muzvivi nekudarika, zvisinei ini ndiri kurarama, kwete ini asi Kristu anorarama mandiri. Ini ndave chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, ameni, mudyi wenhaka kuvimbiso. Hareruya! Hongu, changamire. Nyika iyoyo ndeyedu. Unozviziva sei? Joshua akamuka kubva kuvakafa, ndokuunza zvakare umbowo, Mweya Mutsvene. NdinaWo. Ameni. Whew! Girori! Ndiri mudyi wenhaka. O, mwana waMambo, mwana waMambo, mudyi wenhaka yazvose! Bhaibheri rakataura kudaro. Mwari mumwe chete—Mwari mumwe chete wakapa vimbiso kuIsraeri yenyika yechipikirwa (chaive chinhu chisingaonekwi kwavari), Bhaibheri rimwe chete, Mwari mumwe chete akatipa vimbiso yeHupenyu Husingaperi, uye Mweya Mutsvene unopupurira izvozvo. Kristu mupenyu, haana kufa. Iye anogara pakati pedu chaipo, anogara matiri, kubudikidza nematiri, nokushanda nepatiri. Ameni.

94 Aive ari iYe agere pabhenji zasi uko rimwe zuva apo Satani akaona mukana wekuti andiuraye, asi haana kukwanisa kuzviita. Ameni. Uye haagone kuzviita kusvikira Kristu ati zvakwana. Ameni. Hazvina basa kuti angauye kangani, iye anongodzokera pasina chaakabata kusvikira Kristu amupa rairo. Ameni. Vimbiso, Mwari vakazvivimbisa. Ndiro Shoko raMwari rinozvivimbisa, uye tinozvitenda nokuda kwekuti tiri vadyi venhaka.

95 Ini ndiri mudyi wenhaka yekupodza kwaMwari. Ini ndiri mudyi wenhaka yerufaro, ndine kodzero yokuti ndinge ndichifara. “Saka chii chinoita kuti iwe ufare kwazvo?” Ini ndine kodzero yokuti ndifare. “Saka iwe unoziva sei?” Nokuti ndiri mudyi wenhaka kwazviri. Ameni! Whew! Zvino ndave kunzwa manyukunyuku ekunamata. Hongu. Ini ndiri mudyi wenhaka yemufaro. Ini ndiri mudyi wenhaka yemufaro. Ini ndiri mudyi wenhaka yerugare. Ini ndiri mudyi wenhaka yeHupenyu Husingaperi. Ini ndiri mudyi wenhaka yeMweya Mutsvene. Ameni. Ini ndiri mudyi wenhaka kune umbowo hwese hwaUnawo. Ameni. Ini ndiri mudyi wenhaka kune simba raMwari. Ameni. “Ndiani akakuita izvozvo?” Kwete ini; Iye akazviita. Mumwe nemumwe wenyu mudyi wenhaka kune zvimwe chetezvo.

96 Mudyi wenhaka kuchigaro choushe! “Uyo anokunda achagara neNi paChigaro chaNgu choushe, sezvo iNi ndakakunda ndikagara paChigaro chaBaba vaNgu.” Ameni, mudyi wenhaka yezvinhu zvese! Kwete chinhu chimwe chete; zvinhu zvose! Zvinhu zvose pasi petsoka dzako. Kunyangwe rufu rwuri pasi petsoka dzako, bwiro riri pasi petsoka dzako, gehena riri pasi petsoka dzako, chivi chiri pasi petsoka dzako, zvinhu zvose zviri pasi petsoka dzako. Iwe uri mudyi wenhaka!

Iwe uri . . . Iwe wakafa, zvino hupenyu hwako wakavigwa muna Mwari kubudikidza naJesu Kristu, zvino iwe wakamuka zvakare kuHupenyu Husingaperi, uye wakagara kune nzvimbo dzokumusoro Kudenga muna Kristu Jesu. O, ini zvangu! Whew! Tidaidze zvose zvaungade, tidaidze zvose zvaunoda kutaura, taura kuti tinopenga kana uchida, asi isu tiri vadyi venhaka. Vadyi venhaka kune chii? Zvinhu zvose.

97 "Uri mudyi wenhaka kuBranham Tabhenakeri here?" Kwete, ini ndiri mudyi wenhaka kune zvinhu zvose. Zvose zvinoonekwa, zviripo, zvemberi, kune zvese, ini ndiri mudyi wenhaka kwazviri.

98 Zvino chivi chose uye nokuipa kwese zvakaiswa pasi petsoka dzangu, nenyasha dzaJesu Kristu. Iye akamuka mangwanani eEsta, akakunda rufu, gehena nebwiro, uye akaita ini kuti ndive mudyi wenhaka, zvino ndokuti, "Chimira uko iNi ndichakupa vimbiso." Zvino muranda waKe akazodzwa ane simba ndokuti, "Vimbiso ndeyenyu uye nekuvana venyu, neavo vari kure, kunyangwe neavo vose vachazodanwa naIshe Mwari wedu." Ini ndiri mudyi wenhaka. Ameni. Ameni. Jesu wakazviratidza kwatiri, pakumuka kwaKe. O, ini zvangu.

99 Isu patinopinda panzvimbo dziya dzokurwira pakati perufu neHupenyu! "Ndiri mutadzi, Hama Branham." Iwe hausungirwe kunge uri. Uri mutadzi nokuti unozvifarira. Iwe hausungirwe kunge wakadaro. Chikwereti chakatobhadharwa kare.

100 "Hama Branham, ini ndinoshuwira kuve nemufaro." Iwe unogona kuuwana. Uri kungosiya Satani achikubira kubva pane kodzero dzako idzo dzakafirwa naKristu. Ini ndiri mudyi wenhaka kwazviri. Zvese ndezvangu. Zvinhu zvose zvaAkafira, ndezvangu, ndezvako. Isu tiri vana vaKe, tiri vadyi venhaka kwazviri, zvinhu zvose zvaAkafira.

101 Zvino, iwe ukapinda munzvimbo yokurwira iyi. "Ah, hapana chinhu chinonzi rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Munoziva, imi mucha—mucha—muchazoita maitiro anosekesa. Zvino kuchava nechimwe chinhu, kuchava nechimwe chinhu chakasiyana." Ini handina basa kuti musiyano wacho chii, ini ndiri mudyi wenhaka kwazviri. Ndiwo Hupenyu, zvino ini ndiri kuUvinga. Ndizvozvo.

102 Ndicho chinofanirwa kunge chiri chinangwa chemutadzi wese. "Ini ndiri kuuya kuzoUgamuchira panheyo yeMweya Mutsvene uri pano zvino uye uchindiudza kuti ndiuye ndigoUgamuchira. Ndehwangu. Ini handimbosimuka kusvikira ndaUgamuchira. Handizove mupengereki. Ini ndichagara ipo pano, handina basa kuti chii chinoitika. Ini handimbofa ndakaregera kunamata kusvikira Mandipa Mweya Mutsvene, Ishe, uye ndinoziva kuti Munozviita iko zvino. Kana paine chakatsveyama muhupenyu hwangu, ndiudzei nezvazvo ini ndichazviita. Chii ichocho, Ishe, ini ndichanochigadzirisa."

103 Kana Mwari akasazarura chimwe chinhu, iti, "Zvinoka, Satani, ini ndatoUvinga. Iwe haugone kuramba wakamira ipapo zvachose, ibva munzira mangu!"

104 Hezvoka izvo, mudyi wenhaka yezvinhu zvose. Mudyi wenhaka yeHupenyu Husingaperi. Mudyi wenhaka yekupodza kwaMwari. O!

Mudyi wenhaka yeruponeso, ndokutengwa naMwari,
Ndokuberekwa neMweya waKe, ndokusukwa neRopa raKe.

Iyi ndiyo nyaya yangu, urwu ndirwo rumbo rwangu,
Kurumbidza Muponesi wangu muswere wezuva rose.

Kuteerera kwakakwana, zvose zvine zororo,
Ini ndiri muMuponesi wangu ndiri kufara uye ndakaropafadzwa;
Ndichitarisa nokumirira, uye ndichitarisa kumusoro,
Ndakazadzwa nekunaka uye nerudo rwaKe.

Hareruya! Hezvoka izvo. Iyi ndiyo nyaya yangu, uye urwu ndirwo rumbo rwangu. Ini ndiri mudyi wenhaka yeruponeso. Chii chinonzi ruponeso? Chimwe chinhu chaunopihwa. Ichi chipo. Ndiri mudyi wenhaka yeruponeso. Rwemhandoi? RweHupenyu Husingaperi. Ruponeso rwemweya wangu, ruponeso rwemutumbi wangu, ruponeso pakurukutika kwangu, ruponeso kune zvinhu zvose. Mwari vakandiita mudyi wenhaka kune zvinhu zvese kubudikidza naKristu, uye iYe akafa, akamuka, zvino ndokudzokera zvakare ndokuuya neumbowo, ndokuUdururira patiri. O, ini zvangu! Girori! O, ini zvangu!

105 Zvino, iwe unoenda uko, chii chaunoita? Kana ukaenda sezvakangoita Abrahama, kuenda ikoko uine vimbiso iyoyo. "Mwari, iMi makandiudza kuti ndezvangu. Ini ndine kutenda muvimbiso yeNyu. Ndiri kuunza Shoko reNyu. Makazvivimbisa. Makati, 'Kumbira, zvino iwe uchapiwa. Tsvaga, iwe uchawana. Kumbira, zvichapiwa kwauri. Gogodza, uchazarurirwa.' Hezvinoi ndiri pano, Ishe. Ini ndiri pano. Ndiri kugogodza, kutsvaka, kukumbira. Ini ndinofanira kuUgamuchira." Hezvoka izvo. Chimwe chinhu chinotora nzvimbo ipapo, o, kana ukaisa Shoko iroro pasi.

106 Tarisai zvakaitwa naSatani apo Jesu akanyatsoisa Shoko paari. "Uye Zvakanyorwawo . . . " Akasvetuka achibva paWaya iyoyo, sezvandakataura humwe husiku. Hongu, changamire. Zvino chii, shure kwekunge wakunda? Unokunda seyi? Ungazvigone iwe kuzviita pachako? Kwete. Mumwe munhu akaenda mberi kwako akakukundira. Ndiye Kristu. Ini ndingori mudyi wenhaka yazvo. Hapana chandinofanira

kuita. Ndiri mudyi wenhaka yevimbiso. Chinhu chimwe chete chandinofanira kunge ndinacho, kuisa kutenda kwangu pavimbiso yaKe. Munozviona here izvi?

107 "Hama Branham, imi munozvikodzera here izvozvo?" Kwete. "Munofunga kuti ini ndinokodzera?" Kwete. "Munofunga here kuti muBhishopi anokodzera?" Kwete. "Ko pane munhu here anokodzera?" Kwete. "Saka, seyi?" Iwe uri mudyi wenhaka.

108 Dai wanga uri chidhakwa chokupedzisira panyika, uye baba vako vokusiira madhora miriyoni, kunyangwe uchikodzera kana kuti kwete, mudyi wenhaka yake—yake—yake, iwe uri mudyi wenhaka yababa vako. Chingave chii chavakakusiyira, ndezvako kunyangwe wakakodzera kana kwete. Ivo vakaisiyira iwe. Ameni.

109 Ini ndaive mutadzi, asi ndiri mudyi wenhaka. Ini ndaive ndisina kunaka, nazvino, asi zvakadaro ndiri mudyi wenhaka. Ndinofanirwa kufa ndoenda kugehena, asi ndiri mudyi wenhaka. Ndiri mudyi wenhaka yechii? Hupenyu Husingaperi. "Zvino unoziva sei kuti uchaHuwana?" NdakaHunzwa. Mweya Mutsvene akauya naWo. Jesu akamuka kubva kuvafi kuti Ugouya. Uye zvino Hwakauya, uye Hunopupura nekusimbisa chaizvo izvo zvaHwakataura kuti Uchaita. Ndakadarika kubva murufu kuenda kuUpenyu. Ndave zvino, chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Zvino ndave mudyi wenhaka. Hongu, changamire. Zvino ndave mukufora kwangu. Ameni. Zvinhu zvakauraiwa. Ko zvinhu zvose zviya zvakaipa zvandakaita? Kufanana nezvakaitwa naMiriamu. Tarisai kumashure uko, hezvoka izvo, zvakafa, zvakavigwa mugungwa rekanganwiro, imo muBhuku reBhuku guru raMwari riri Kudenga. Zvakatoitwa. Zita rangu rakatoiswa muBhuku iroro, uye rikatosimbiswa, uye rikaiswa mugungwa rekanganwiro, uye Bhuku idzva, rine zita idzva rakanyorwa muKubwinya. Zvino nderangu. Hongu. Zvino isu tiri vadyi venhaka yezvinhu zvose, zvakare.

110 Zvino saAbrahama paye, Mwari vakamuudza kuti kudii? "Nyika iyi ndeyako. Zvirimo mairi ndezvako. Tarisa kumabvazuva, kuchamhembe, kumadokero, nekumaodzanyemba, ndeyako yose, zvinhu zvose pano. Ndinoda kuti uuye ufambe munyika yevatorwa, zvino ini Ndichakuita mudyi wenhaka yenyika iyoyo. Ndichakupa iyoyi, kwauri nekumbeu yako, nevachakutevera iwe nokusingaperi." Zvino, Abrahama, chinhu bedzi chaaifanirwa kuita kwaive kuisa kutenda kwake pane vimbiso iyoyo, kutora munondo wake obva aenda. Zvino nguva dzakaoma dzasvika, akaburukira zasi ikoko zvino Mwari ndokurwa hondo yake. Zvino paakarwa hondo, akauraya madzimambo.

111 Zvino hepano ave kudzoka, ameni, zvese zvapera zvino. Hama, aikwanisa kudanidzira. Wonzwa vose varume vechidiki vachidanidzira uye vachirumbidza Ishe! Heuno

Abrahama achiuya, zvino Ndiani akauya kuzosangana naye? Merikizedheki, Mambo weSaremu. Zvino tarisai zvavakaita. Mushure mekunge hondo yapera, vaikwanisa kugara pasi zvino vodya chingwa newaini. Mambo vakauya nechingwa newaini. Sei Akadaro kwaari? Shure kwekunge hondo yapera, shure kwekunge awana kukunda, zvino vaigona kugara pasi votora chirairo pamwe chete, vachitaura mumwe kune mumwe uye vachidya chirairo pamwe chete. O, izvi ndizvo zvinodiwa naMwari kuti vana vaKe vaite manheru ano.

112 "Zvino ko imimi, Hama Branham? Ko pamusoro peChechi iyo yamuri kutaura nayo?" Isu tiri mbeu yaAbrahama, ivo iMbeu yeHumambo yaAbrahama. Isu tiri mbeu yaAbrahama, nokuda kwevimbiso, kubudikidza naKristu Jesu isu tinova mbeu yaAbrahama uye tiri vadyi venhaka pamwe chete naye maringe nevimbiso. Zvino kana Abrahama akange ari mudyi wenhaka, ini ndiri mudyi wenhaka. Ini ndiri mudyi wenhaka pamwe naAbrahama, uye newewo. Zvino zvakauya seyi? Kubudikidza neMbeu yeHumambo yaAbrahama, aive ari Kristu Jesu, iye Wacho akavimbiswa, nokutenda. Abrahama akagamuchira mwanakomana, souyo akabva kuvakafa. Uye isu takagamuchira Mwanakomana akange asimbori mwanakomana, uye pasina nzira yekuti asvike pano, zvino Mwari vakaMugadzira ndokuMutuma kwatiri. Zvino Akauya akabhadhara muripo wezvivi zvedu, uye nokuda kwerufu rwaKe ini ndakabva ndave mudyi wenhaka. O, ini zvangu. Hezvoka izvo. Zvino kuipa kwese kwadhiyabhore kwave kumashure. Mwari ngavarumbidzwe!

113 Kukunda! Vangani vakunda, manheru ano? Ngationei ruoko rwako, "Nenyasha dzaMwari ini ndakunda." Mwari ngavarumbidzwe. Munoziva zvandinofunga kuti tiite iko zvino? Ini ndikangotanga ipo pano zvino ndinokuchengetai hafu yehusiku. Ngatingovei neshumiro yekukumikidza yakanaka, kukumikidza hupenyu hwedu patsva kuna Mwari. Vangani vari kunzwa kuda kuita izvozvo? O, ndine anopfuura rimwe iko zvino, ini ndine maoko angu maviri ose mudenga, uye nemoyo wangu, zvakare. Ini ndinoda kuti hupenyu hwangu hutaure hwakamiririra Kristu. Ini ndinoda kuzvikumikidza patsva kuna Kristu. Ini ndinoda kuti kuda kwaKe kuitwe, kwangu kuiswe kumashure, uye—uye kuda kwaKe kuti kuitwe. Ini ndinoda kuve nekufora kwemukundi. Kwete nokuti ndini; nokuti ndinoziva kuti Evhangeri yaAkaparidza iri kutambudzwa nhasi nokuda kwezvitendwa zvemasangano zvakaitwa nevanhu uye nezvimwe zvose. Kukunda kukuru kwataifanirwa kuva nako kwakabatwa nemuvengi. Mwari, regai ndizvomore Munondo uyu, regai Upenye nokuvaima, uye ndichifambira mberi. Regai kuda kwangu kuende kumashure, uye Shoko raKe riende mberi saizvozvo, Munondo wakapinza unocheka nekwose uchivhura nzira.

114 Ngatimirei netsoka dzedu zvino uye tizvikumikidze patsva. Mumwe nomumwe nenzira yako, zvikumikidze pachako kuna Ishe. Ngatisimudzei maoko edu zvino kuna Mwari, mumwe nomumwe.

115 Baba vedu veKudenga, manheru ano tiri kuzvikumikidza kwaMuri sokukwanisisa kwatinoziva. Isu tinoziva kuti tiri vadyi venhaka yezvinhu zvose. Imi makazvivimbisa, Ishe Jesu, uye isu tinozvitenda. Zvino, isu hatimbogona kuzviita kunze kwekunge iMi, Ishe. . . kunze kwekunge isu pachedu taisa kutenda kwedu pavimbiso yeNyu. Zvino, Makati, muBhaibheri, "Uyo anodya Nyama yaNgu uye nokunwa Ropa raNgu ane Hupenyu husingaperi, uye haazopinda mukupomerwa, asi achapfuura. . . apfuura kubva murufu achienda muHupenyu. Uyo anodya Nyama yaNgu uye achinwa Ropa raNgu ane Hupenyu Husingaperi, zvino Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira." Ndiyo vimbiso yacho. Ndizvo zvaMakataura. Ndizvo zvatinotenda.

116 Zvino, Ishe Mwari, O Mweya Mutsvene, fambai pamusoro pedu. O, fambai, Mwari! Fambai, O Ishe, matiri. Mweya waMwari anorarama, tigamuchireiwo, Ishe. NemuZita raKristu tigamuchireiwo. Ndichenesei, ndiumbei, ndigadzirisei, O Mwari, muchimiro cheMwanakomana waMwari. Nditorei, Ishe, ndiri weNyu. Ndinokupai iMi chechi iyi. Ndinopa mweya wese uri pano kwaMuri, newanguwo, Ishe. Zvino tiumbei isu uye motigadzira, uye muite kuti tikanganwe nzira dzedu dzakaipa dzezvivi, uye nokuziva kuti chero tichingoisa kutenda kwedu—kwedu, iko kutenda kwatinako, paShoko reNyu rakavimbiswa, iMi muchatitakura kubva mukukunda kuenda kune kumwe kukunda. Imi makazvivimbisa.

117 Satani haagone kutikuvadza, Ishe. Angagona hake kuita zvose zvaanogona kuita, asi haagone kutibata. PaMakamuregedzera pana Jobho imwe nguva, Makati, "Usatore hupenyu hwake." Iye ndokuita zvose kusara kwekuhutora. Asi haana kugona kuzviita, nokuti vimbiso yeNyu yaive ichiripo kuna Jobho.

118 Zvino, Mwari, iMi muchiri Mwari mumwe chete nhasi. Imi munochengetedza veNyu pacheNyu. Tinoziva kuti iChokwadi, zvino tinozvikumikidza patsva. Sukai moyo yedu ine zvivi, Ishe, apo patiri kupupura kutenda kwedu. Zvino, Kristu Jesu, tigamuchireiwo. Zvino patinotanga kutora ichi Chirairo chaShe, Mwari, taurai kwatiri mumoyo yedu. Tiudzei zvino patakakanganisa. Tiratidzei pane kukanganisa kwedu, Ishe. Isu tinotendeuka pazviri mukuzvininipisa. Mukuzvininipisa ndinoisa zvivi zvangu zvose paartari, Ishe. Mukuzvininipisa ndinozviisa pachangu paShoko reNyu, Ishe, uye nepatsitsi dzeNyu.

119 Ndiri pano, Ishe, itai neni zvaMunoona zvakafanira. Ndiko kuchema kwechechi ino, Ishe, "Itai nesu zvaMunoona zvakatifanira." Ini ndinogona kutaura pamusoro pezvangu—pezvangu, Ishe, asi ini ndinotenda kuti mumoyo mavo vanotendawo zvimwe chetezvo. Itai nesu zvaMunoona zvakafanira. Isu tinotenda. Isu tinoda kuve vadyi venhaka, uye isu tinozviziva kuti tiri vadyi venhaka chero bedzi tichigara muna Kristu Jesu. Isu tiri vadyi venhaka pamwe naYe pamberi peChigaro choushe.

120 Zvino chivai nesu. Podzai hurwere huri pakati pedu, Ishe. Kana paine mutumbi unorwara pano manheru ano, ubatei, upodzei, uitei kuti upore. Zviitei, Ishe. Kana paine mweya uri kurwara, dai ukapodzwa iko zvino. Regai mweya uya wakaremara utwasanurwe. Dai mabvi aya akaneta akarembera pasi uye nemaoko asina simba asimudzwe mukurumbidza nekudanidzira kuna Mwari. Dai nzira dzakanzvongama dzatwasanudzwa. Dai pava nemugwagwa mukuru waMwari wedu mukati merenje.

121 Ishe, tinotenda kuti iMi muri kuuya nekukurumidza, zvino itai kuti tiparidze nesimba Shoko reNyu, Ishe, uye nokugadzira mugwagwa mukuru mukati merenje, idzo nzvimbo dzakanzvongama dzitwasanudzwe, kuitira Ishe wedu. Regai tiputitsire kunze mudzi wese wemasangano. Regai tiputitsire kunze mudzi wese wenduru, toputitsira kunze ruvengo rwose, godo uye nekukakavadzana, kuti Shoko raMwari rechokwadi riyerere senzizi dzomufaro. Zviitei izvi, Baba. Tinozozvipa pachedu kwaMuri iye zvino tisati tatora Chirairo chaShe. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

122 Apo, Hanzvadzi Spencer vanoda munamato nokuda kwemuviri wavo! [Hanzvadzi Spencer vanotaura neHama Branham—Mupepeti.] Mwari vakuropafadzei, Hanzvadzi Spencer.

Baba veKudenga, uyu mukadzi mutsvene wekare anonzwisa urombo, uye neuyu akagara. Imi munoona mudzimai akaremara. "Hazvina kufanira here kuti uyu mwanasikana waAbrahama adzikinurwe nezuva reSabata?" Uye zvino zvichida shamwari dzake dzakawanda, Ishe, shamwari dzekare-kare idzo dzaimbotandadza, vashumiri vaya, apo vainge vakagara mumba make, ivo vakatofa, vakawanda vavo, vakatoenda mumugwagwa mukuru weKudenga. Ivo vasara vari voga, Ishe, sechapupu. Hapasisina aripo zvino, kunze kwevana vavo chete, uye pamwe imwe shamwari imo muno neuko, Ishe, imwewo hama pano nepapo. Asi ivo vamire voga sesango guru rakawisirwa pasi nemhepo, zvino kwasara muti mumwe chete. Mwari, ini ndinonamata kuti iMi mutarise pasi patsitsi, Ishe, kuti vakadzikisa midzi pasi-pasi. Zvino vamire pagomo reKarivhari, Ishe, midzi yakadzika uye vakanyatsomira muKutenda kwaKristu. Ndinoisa maoko angu pane mudzimai uyu akwegura

anodikanwa uye ndichishaisa maturo iri bundu rakaomarara riri pasi perurimi rwavo, kuti rimusiye ivo vogoita zvakanaka. NemuZita raJesu Kristu. Ameni. Mwari vakuropafadzei. Maita henyu, Hanzvadzi Spencer. Zvichaitwa. Musambozvipokane kana nepadiki pose. Zvakanakai.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi wekudenga;
Zvino ndinzwei apo ndiri kunamata,
Bvisai zvivi zvangu zvose,
Kana kundirega ndichitetereka
Kubva kwaMuri ndichitsauka.

Teererai, imbai neni zvino.

Kana muninga nhema yehupenyu ndichifamba,
Zvino kusuwa kwakandipoteredza,
Ivai iMi Mutungamiri wangu;
Rairai rima rive chiyedza,
Pukutai misodzi yekusuwa ibve,
O itai kuti kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

123 Zvichibva pakadzika pemoyo wako zvino, Mwari ndivo vega vanozviziva, kubva pakadzika pemoyo wako, unonyatsorevesa here izvozvo, "Itai kuti kubvira nhasi, Ishe, ndive weNyu zvachose"? Regai tiimbe chikamu chokupedzisira zvakare.

Kana kundirega ndichitetereka
Kubva kwaMuri ndichitsauka.

124 Zvino tose pamwe chete. Mufudzi Mukuru wemakwai, iMi makatidzidzisa kuti tinamate seizvi. [Hama Branham neungano vanonamata pamwe chete—Mupepeti.] Baba vedu Vari Kudenga, Zita reNyu ngariitwe Dzvene. Humambo hweNyu ngauuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga. Tipei isu nhasi uno zvokudya zvedu zvezuva nezuva. Uye mutiregerereiwo kudarika kwedu, sekuregerera kwatinoita avo vanotitadzira. Regai kutiisa pamuedzo, asi tidzikinureiwo kubva kune chakaipa; nokuti Humambo ndehweNyu, nemasimba, uye nokubwinya, nokusingaperi. Ameni. Munogona kugara henyu pasi.

125 Ndakumbirwa kuti ndinamatire mwana weHanzvadzi Shepherd. Zvangouya mupfungwa dzangu kuti vandifonera kanguva kachangoti pfuurei pamusoro pemunamato wemwana, zvino ndamunamatira. Ndanga ndine nhaurirano tichizosangana ipo pano, zvino handina kukwanisa kuenda nekumba. Asi ivo vati musikana mudiki ange achirwara uye aive nefivheri, uye nokuita sokumuomesa mitezo, hungori hahwo pasina kupokana hutachiwana huri kutenderera. Imi munoziva nezvazvo. Dzimwe nguva nyama dzavo dzinodhonzeka

mukati zvekuti unofanirwa kutodzifambisa-fambisa nemaoko avo, kunge Mai Haley uye nevamwe vazhinji zasi kuno. Hungori hutachiwana huri kutenderera. Zvino ivo . . . takaisa munamato. Ndikati mwana uyu kana asati ave nani na nine o'clock kana nguva yatinopfiga shumiro, kuti vafonere kuno isu tobva tauyako; kana mwana ave nani, zvaringana. Saka mukuzvininipisa zvino, tisati tatora chirairo, tinamatire mwana uyu.

126 Ishe Jesu, kamwana kaduku kaye, ini handizivi kuti kakura zvakadii kana chimwe chinhu, asi mumwe wevadzidzi vedu pano anodikanwa, Ishe, mumwe wevatendi vedu. Mwana wavo, weHanzvadzi Shepherd neHama Shepherd, kachipo kanokosha kaMakavapa, Ishe. Tinonamata kuti Mukatarise, uye mugokaropafadza nokukachengetedza, uye kapodzei nokukaita kuti kaite zvakanaka. Isu takatora iko zvino. Shure kwemharidzo iyi, isu tatora izvozvo. Isu tinokatora tichiitira mbiri kuna Mwari, zvichienderana neShoko raKe. NemuZita raJesu Kristu, dai hurwere hwarega mwana iyeye. Uye dai mwana akanaya uye apodzwe, kuitira kubwinya kwaMwari. Zvino zvataurwa, zvino zvichaitwa. Ameni. Munotenda here?

Kana tikavimba uye tisingapokane, iYe
zvechokwadi achakubuditsa kunze;
Tora mutoro wako kunaShe zvino woisiya
ipapo.

Isiye ipapo, o, isiye ipapo,
Tora mutoro wako kunaShe zvino woisiya
ipapo;
Kana ukavimba usingapokane, iYe
zvechokwadi achakubuditsa kunze;
Tora mutoro wako kunaShe uye woisiya ipapo.
(Ndizvo bedzi zvaunoita.)

Kana mutumbi wako wabatwa nemarwadzo
uye hutano hwako husisadzokereke,
Ingorangarira Mwari vari Kudenga
vanopindura munamato;
Zvino, Jesu anoziva marwadzo auri kunzwa,
Anogona kuponesa uye Anogona kupodza;
Tora mutoro wako kunaShe zvino ugousiya.

127 Zvino ngatikwazisanei maoko mumwe nomumwe apo tiri kuimba ndima iyi yokupedzisira.

Usiye ipapo, (kuwadzana, munoziva,
kutaurirana) usiye ipapo, (Ishe
ngavarumbidzwe!)
Tora mutoro wako kunaShe zvino wousiya
ipapo;

Kana tikavimba tisingapokane, iYe zvechokwadi achakubuditsa kunze;
Tora mutoro wako kunaShe zvino wousiya ipapo.

128 O, haAshamise here? Zvino, zvino nokupupura kwedu, kutenda kwedu, nokureurura kwedu zvivi zvedu, tichitenda kuti zvivi zvedu zvose zviri mugungwa rekanganwiro. Uyo anoreurura zvivi zvake, Mwari akatendeka kuzviregerera. Maona? Zvave mu—mugungwa reRopa raJesu Kristu, hazvizofa zvakarangarirwa zvakare. Vangani venyu madzimai vanoziva kuti bleach chii? Mese imi. Zvino, ngatimbotorei zibhavhu guru rokugezera rakazara neClorox, ndiyo imwe yebleach, zibhavhu guru rakazara neClorox. Zvino iwe wotora chokudonhedzeresa donwe muziso chiduku, zvino uine donwe rimwe reingi nhema imomo mune chokudonhedzeresa donwe muziso, ndizvo zvivi zvako. Mira pamusoro pezibhavhu iri, zvino worisvinira pasi, zvino wotarisa pasi mubhavhu kuti urione. Chii chaitika kwariri? Ko ingi yaita sei? Ipo payangosvika pableach iya, yange ine simba rakanyanya ichibva yangobvisa ruvara rwacho kubva mairi, haizombovepo zvakare. Chii ichocho? Haichisipo, yatorasika nekusingaperi-peri. Chii ichocho? Iyo—iyo ingi pachayo yave Clorox. Ndiro paRopa raJesu Kristu kune chivi chose chareururwa. Chii ichocho? Chatokanganwika, zvatoita, chatopera, chatodzimwa, chatobviswa, chatoiswa kure. Hachife chakarangarirwa zvakare pauri zvachose.

129 [Imwe hanzvadzi inotaura kubva muungano—Mupepeti.] Pane mumwe munhu ari kudaidza zita rangu, pane imwe nzvimbo. [Hanzvadzi inopupura kuti ichangopodzwa.] Zvakanaka, Ishe ngavarumbidzwe! Achiri kurarama! Tendai Ishe. Tinokutendai Ishe. O Mwari, tinokurumbidzai iMi nokuda kwekunaka kweNyu. Hongu, kamunhu kaduku shure uko kakazvininipisa kabatwa, Ishe vamubata. Zvakanaka. Iye ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.

130 Rangarirai, Shoko rose iHoko, yakasimba uye yechokwadi. Hapana . . . Maona? Ingoisa kutenda kwako pamusoro payo uye usazunguzike, ingogara ipapo. Zvino, haugone kukuisa pasi ipapo uye wogokutora zvino woti, "Ndichazviedza zvakare." Kuise ipapo. Gara nako ipapo. Hongu, changamire. Sezvakaitwa naAbheri, ifa kubva kupfungwa dzako. Ingoti, "Mwari, iri iShoko reNyu, hazvisi izvo zvandinofunga. IShoko reNyu. Heroka iro." Zvino Abheri akafira paDombo. Uye, kuti, iYe achabata sezvaAita hanzvadzi iyo apo. Zvingori nyore.

131 Isu tinoedza kuzviita kuti . . . Hatidaro. Satani anoedza kuzviita zvakaomarara kwazvo, munozviziva, oti, "O, unoziva, zvaive zvezuva rakapfuura kare," nezvose izvozvo. Vangori vanhu vasingatendi.

132 Asi kwauri unotenda, Anokosha. Zvino akarambwa, zvechokwadi; asi iYe iDombo rinokosha rinouya kuDombo benyu, Dombo rakakosha, Dombo guru repaKona. O, ini zvangu. O, uyo anobata Dombo iri anopodzwa! Ndizvozvo zvega. Ameni.

133 Zvino, hatipe here kutenda kunaShe? Kungofara, ini ndinofara kwazvo kuti Ishe ndiMwari. Ameni. Kunyatsofara kuti iYe ndiBaba vane hunyoro, vazere netsitsi, vanoremekedza Shoko raVo, vachichengetedza Sungano yaVo, vasingamboIkanganwa. Vanochengetedza Sungano yaVo. Vanofanirwa kudaro, iVo ndiMwari, Ndivo vakaIgadzira. Ndivo Chitubu cheZvokwadi yose. Maona? Hapagone kunge paine chimwe chinhu zvakare kusara kweChokwadi chisina kusvibiswa nguva dzose. Rose Shoko raVanotaura harikundike. Zvino iri ndiro Shoko raVo. Zvino, O Mwari, itai kuti kutenda kwangu kusakundike kuri maRiri, ameni, zvino Kunogona kuve kusingakundike sezvo Shoko harikundike, saka ipapo Shoko mumhando yokutenda kwakadaro ichabuditsa chose chinotaurwa neShoko kuti Richaita. Ameni. Saka, ndichenesei, Ishe. Ndiedzei, ndichenesei, ndipodzei, ndidzivirirei, ndiropafadzei, uye mugondipa tsitsi dzeNyu, ndiwo munamato wangu kuna Mwari. Ameni.

134 Zvino, ini ndichaverenga rimwe reShoko zvino, rinowanikwa muna vaKorinde veKutanga, chitsauko 11, ndima 23.

> *Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho* chandakakupaiwo*, Kuti Ishe Jesu nohusiku* humwe chete . . . *hwaakapandukirwa wakatora chingwa:*
>
> Zvino *akati Avonga, akachimedura, uye akati, Torai,* uye *mudye:* uyu *ndiwo muviri wangu, unomedurirwa imi: itai izvi muchindirangarira.*
>
> *Saizvozvowo* akatora . . . zvakare *akatora mukombe, uye akati apedza kuraira, akati,* Uyu *ndiwo mukombe* we*sungano itsva muropa rangu:* izvi ngazvive mamuri, *nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira.*
>
> *Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe* uyu, imi *munoparidza rufu rwaShe kusvikira* achiuya.
>
> *Naizvozvo mumwe nomumwe anodya chingwa ichi, kana kumwa mukombe waShe, nomutowo usina kufanira, uchave nemhosva* yeropa, *nemuviri* uye *neropa raShe.*
>
> *Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu.*
>
> *Nokuti anodya nokunwa nomutowo usina kufanira, unozvidyira nokuzvinwira kurohwa,* asinganzveri *muviri waShe.*

Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyu vasina simba vanorwara,. . . vazhinji vavete.

Zvino kana tichizvitonga isu, isu hatizofaniri *kutongwa.*

Asi kana tichizotongwa, isu tinorangwa naShe, kuti tirege kutongerwa rufu *pamwe chete nenyika.*

Naizvozvo, hama dzangu, kana muchiunganira pakudya, mirai mumwe nomumwe, *miriranai* mumwe nomumwe.

135 Zvino ndingataure izvi. Jesu akatipa murairo uyu asati Aenda kurufu rwaKe, achinyatsoziva iYe kuti ari kuendako. Vadzidzi vaingoshamisika kuti Aitaura nezveyi, pavakanyora izvi pasi. Asi Akati, "Mukombe uyu iTestamende Itsva yeRopa raNgu. Itai izvi kakawanda pamunodya uye nokunwa, imi munoratidza rufu rwaNgu kusvikira Ndichiuya." O, maShoko akakosha aya!

136 Vadzidzi pasina kupokana vakatoshamisika, "Ko Anorevei, 'kuratidzira rufu rwaKe'? Tingazviita sei izvi?" Hechinoi chaive chakavanzika kwavari, asi kwete kwaAri. Iye aive Mwari. Aiziva zvaAifanira kuita. "Kuratidza. . . " Saka iYe akati, "Kana mukauya pamwe chete kuti mudye. . . "

137 Zvino, "Uyo anodya uye nokunwa, asina kukodzera," ouya pano apa oreva kuti Mukristu, achitora muviri waIshe, zvino woenda kunze onorarama pamwe nenyika uye—uye oramba Kristu pamwe nesimba raKe, uye nezvimwe zvakadaro, iwe—iwe unoratidza kusaremekedza kukuru kuna Mwari. Iwe—iwe unoratidza kusaremekedza kuna Kristu, zvino iwe usachitore. Asi kana uchiedza nezvose zviri mauri, kurarama zvakanaka uye uchiratidza kuti uri Mukristu, kuti iwe unoda Jesu Kristu, zvino ibasa rako kuti uzviite.

138 Saka zvino umo muna. . . ini ndinotenda kuti muna Mutsvene Johane, chitsauko 6, Jesu akati, "Ani naani anodya Nyama yaNgu uye nokunwa Ropa raNgu ane Hupenyu husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira." Zvino, vimbiso iyoyo, handi chinhu chakanakisa here ichi? "Ini ndichamumutsa."

139 Munombofunga here kuti muri pano nemhaka yei? Imi muri—imi muri kuenderei kuchikoro, vana? Ko muri kushandirei, baba? Chii chinokuita kuti mumuke, naamai, ari mangwanani, zvino woendesa vana kuchikoro, wogeza zviso zvavo, uye wowaridza mibhedha nokubika, uye—uye—uye muchizviita zvose? Muchipinda mukati, makarukutika husiku iwoyo, zvino zuva rinotevera wotanga zvinhu zvimwe chetezvo. Ko iwe uri kuzviitirei? Ko sei uchishingaira nokushanda semuranda, baba, nezvimwe zvose? Wodzoka husiku, zvino wakaneta, zvino mumwe wevana obva arwara zvino wofamba-famba pasi, uye wochema nokunamata uchitambudzika, ivo

vobva vapora; zvino zvodzokazve, zvino iwe wozviita zvakare. Svondo yoga-yoga unogeza zviso zvavo, zvino wovaendesa kuchechi. Zvino, saka, zvese izvi ndezvei? Uri pano nokuda kwei? Ndizvo zvega here zviripo pazviri? Ini zvangu, izvi zvinezenge zvizere nokusuwa, uye uchiziva kuti iwe unofanirwa kuenda zvakadaro. Maona? Zvese izvi ndezvei?

140 O! Hama, inguva yokuzvinzvera, inguva yemukana! Uyu mukana wekugamuchira iZvi. Ndiudzei chimwe chinhu chingatore nzvimbo yaZvo. Ndiudzei chimwe chinhu chiri nani kupfuura Izvozvo. Unza chimwe chinhu chiri munyika, kuve mambo wepasi rose, kutonga pasi rose, kuve Khrushchev kana Kennedy, kana chero zvaungashuvire kuti uve, unongofa zvimwe chetezvo. Ndizvo! Iwe hauzive nguva yarwunouya, chero nguva ipi zvayo. Asi pano, kana rufu rwarova, iwe unenge uine Hupenyu Husingaperi uye haugone kufa, une tsigiro yaMwari musiki wezvose, Anova Muridzi weMatenga nenyika, "Ini ndichamumutsa zvakare nezuva rokupedzisira."

141 Batsirai iMi kusatenda kwangu, O Mwari. Zadzai mweya wangu, O Mwari, ndichenesei, ndizadzei, ndisimbisei, nditumei kunze. Musatenderera kuti ndife, regai ndirarame ndigotaura Nyaya yacho. Regai ndiende kune gwanza rose uye nekona yose yenyika, uye ndiparidze Shoko pamwe nokudyara mbeu, hongu, changamire, kuti pagove negohwo muzuva rokupedzisira, reShoko rechokwadi risina kusvibiswa, nevatendi muna Kristu.

142 Zvivi zvako zviri pasi peRopa here, nokutenda manheru ano muna Kristu Jesu? Zvino tave kutora chirairo. Kwete kutaurirana; imi munotaurirana pamunenge muchidya mumwe nomumwe. Ingotaura naMwari. Chirairo hachisi chingwa, haisi waini, icho *chirairo* "kutaurirana naMwari." Zvino uyu mucherechedzo watinotora, kuti tinotenda murufu rwaKe, mutumbi wakamedurwa, kuvigwa kwaKe uye norumuko, isu tinotenda muHupo hweMweya Mutsvene. Uye tinotenda kuti Akatipa Hupenyu Husingaperi uye hatigone kufa, isu tabva kurufu kuenda kuHupenyu. Zvino rimwe zuva kana tapatsanurwa kubva kune mumwe noumwe pano, tichamuka zvakare murumuko pamwe chete, tobatanidzwa pamwe chete naKristu Jesu, seMutumbi. Ameni. Pamusoro penheyo idzi, uye nokureurura zvivi zvangu, uye nokutenda kwangu muMwanakomana waMwari, ndinozvitora ini pamwe nechechi pamberi pezvirango izvi zvatakasiirwa naMwari kuti tiite, tichiratidza rufu rwaKe kusvikira iYe achiuya.

143 Jesu akati, "Uyu muviri waNgu unomedurirwa imi. Idyai, muite izvi muchiNdirangarira."

144 Baba vedu veKudenga, shure kwekunge tareurura zvivi zvedu, tichinzwa Shoko reNyu, shure kwekunge tapupura kuti hatina kukodzera, uye tiri kungovimba bedzi nezvakaitwa neMwanakomana waMwari. Isu tiri zvisikwa

zvisina kukodzera. Tiregerereiwo, Ishe, pane zvose zvatakaita. Uye zvino, nokutenda, tinouya patafura yaShe. Uye zvino apo chingwa ichi chave kupihwa kuti chimiririre mutumbi waShe wedu, ndinonamata, Baba, kuti iMi muchichenese pane basa rachinofanirwa kunge chichiita. Uye dai munhu wese achatora ichi awana Hupenyu Husingaperi mumoyo yavo. Uye dai munhu wese ari kutora awana kupodzwa mumitumbi yavo, uye vagorarama nguva yakatarwa yaMakavapa. Uye dai vakakushumirai iMi mazuva ose ehupenyu hwavo, uye vogozomutswa nezuva rokupedzisira murumuko, kuti vozounganidzwa pamwe chete nemarudzi epanyika ayo akadzikinurwa neRopa raKristu. Zviitei izvi, Ishe, nemuZita raJesu tinozvikumbira. Ameni.

145 Bhaibheri rakati, "Zvakare Akatora mukombe, uye Akati anwa, achiti, 'Uyu ndiwo mukombe weTestamende Itsva, pose pamunounwa munoratidza rufu rwaShe kusvikira Achiuya.'"

146 Baba veKudenga, tinosimudza kwaMuri muchero wemuzambiringa manheru ano, waini iyi. Zvino tinonamata, Baba veKudenga, kuti iMi muchenese waini iyi, inomiririra Ropa iro rakadeurirwa isu paKarivhari. Kubudikidza neRopa iri isu tine kukanganwirwa kwezvivi zvedu, nekutenda mubasa rakapera raJesu Kristu. Tiregerereiwo pane zvedu . . . kwose kusatenda kwedu, Ishe, uye mutipewo kutenda nekunzwisisa, uye mogotiita varanda veNyu, Ishe, kuti tigokushumirai iMi mazuva edu ose. Ivai nesu, Baba, apo tiri kubatana pamwe chete takatenderedza tafura iyi, uye mutiropafadze mukuyanana kwakanaka uku uye nekuwadzana neMi. Uye dai Mataurawo nehana dzedu uye mugonongedzera kwatiri basa redu ratinofanira kuita. Zviitei izvi, Ishe. Chenesai waini iyi kuitira chinangwa chebasa rayo. NemuZita raJesu Kristu tinozvikumbira. Ameni.

Kuve Nezvinhu Zvose SHO62-0506
(Possessing All Things)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 6 Chivabvu, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org